**Wo’zbekistan Respublikasi’ Joqari’ ha’m worta arnawli’ bilimlendiriw ministirligi**

**Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti**

**Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti**

**Fakultet dekani’:**

**__________ f.i.k. doc. Q. Turdi’baev**

**«_____» _________2013-ji’l.**

**5220100-filologiya ha’m tillerdi woqi’ti’w (Qaraqalpaq filologiyasi’) bakalavr bag’dari’ni’n’ 4-kurs studenti Sar i’baev Bax?tl i’n i’n’ « M.Ni’zanov kino-scenariylerinin’ ko’rkemlik wo’zgesheligi» degen temasi’ndag’i’**

# Pitkeriw qa’niygelik jumi’si’

**«Jaqlawg’a ruxsat berildi»**

**A’debiyat teoriyasi’ ha’m woqi’ti’w metodikasi’**

**kafedra basli’g’i’:** **f.i.k., docent Q. Yusupov**

**Ilimiy basshi’:** **f.i.d., prof. Q.Worazi’mbetov**

**__________iyun 2013-ji’l**

**No’kis-2013**

**Ma’mleketlik attestaciya komissiyasi’ni’n’ qarari’:**

**5220100-filologiya ha’m tillerdi woqi’ti’w (Qaraqalpaq filologiyasi’) bakalavr bag’dari’ni’n’ 4-kurs studenti Sar i’baev Bax?tl i’n i’n’ « M.Ni’zanov kino-scenariylerinin’ ko’rkemlik wo’zgesheligi» degen temasi’ndag’i’ pitkeriw qa’niygelik jumi’si’na**

**«__________________» ball qoyi’lsi’n**

**MAK basli’g’i’: ___ _______________**

**_________________________________**

**MAK wori’nbasari’: _______________**

**__________________________________**

**MAK ag’zalari’: ___________________**

**__________________________________**

____________ ____________________

____________ ____________________

____________ ____________________

____________ ____________________

____________ ____________________

**Tema: M.Ni’zanov kino-scenariylerinin’ ko’rkemlik wo’zgesheligi**

**Kirisiw**

**I BAP.** M.Ni’zanov do’retiwshiliginin’ qaraqalpaq dramaturgiyasi’nda tutqan worni’

**II BAP.** M.Ni’zanov kino-scenariylerindegi ja’miyetlik sha’rayat h’a’m konflikt ma’selesi

**III BAP.** Qaharman xarakterin jasawda dialog h’a’m monologlardi’n’ tutqan worni’

**Juwmaq**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar**

# Kirisiw

G’a’rezsizlik da’wirindegi ha’r bir a’debiy tulg’ani’n’ ha’m woni’n’ shi’g’armalari’ni’n’ xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y turmi’si’ndag’i’ tutqan worni’n ani’qlaw bizin’ aldi’mi’zda turg’an wori’nlani’wi’ tiyis a’hmiyetli ma’selelerge kiredi. Wo’ytkeni Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ aytqani’nday: «Insandi’, woni’n’ ruwxi’y du’nyasi’n ashatug’i’n… bir qu’diretli qural bar, wol da bolsa so’zdin’ qu’direti, ko’rkem a’debiyat boli’p tabi’ladi’. A’debiyatti’n’ insandi’ tani’wshi’li’q dep, shayi’r ha’m jazi’wshi’lardi’n’ bolsa, insan ruwxi’ni’n’ injenerleri dep ta’riypleniwi biykarg’a yemes, a’lbette. …Yeger biz Wo’zbekstani’mi’zdi’ du’nyag’a tani’tpaqshi’, woni’n’ a’yyemgi tariyxi’ ha’m jarqi’n keleshegin uli’g’law, woni’ a’wladlar yadi’nda ma’n’gilik saqlamaqshi’ bolsaq, yen’ da’slep ulli’ jazi’wshi’lardi’, ulli’ shayi’rlardi’, ulli’ do’retiwshilerdi ta’rbiyalawi’mi’z kerek. Nege degende, ulli’ jazi’wshi’ Sholpanni’n’ aytqani’nday, a’debiyat jasasa – millet jasaydi’»[1].

Yelimizde g’a’rezsizliktin’ wornawi’ menen a’debiyati’mi’z jan’a ideyali’q-tematikali’q ha’m janrli’q-stillik bag’darlarda rawajlana basladi’, ko’rkemlik sapasi’ artti’. Ko’p a’sirlik rawajlani’w da’stu’rine iye poeziya menen bir qatarda, milliy proza ha'm dramaturgiya bul da’wirde wo’zinin’ rawajlani’wi’ni’n’ jan’a basqi’shi’na wo’tti. A’sirese bul na’rse turmi’s shi’nli’g’i’n ken’ maschtabta su’wretleytug’i’n drama janri’na tiyisli.

Ilim a’debiyat janali’qlari’ni’n’ keshegi jag’dayi’n bu’gin arqali’ keleshekke jetkerip woti’radi’. Bu’gin a’debiyatti’n’ aldi’nda ha’r qashang’i’dan da a’hmiyetli wazi’ypalar tur. Ha’zirgi a’debiyat

[1] Karimov I. A. Joqari’ ma’nawiyat – jyen’ilmes ku’sh. Tashkent, «Manaviyat», 2008, 136, 139-140-bb.

ja'miyetimizge mu'na'sip adamlardi' a'wladti' qa'liplestiredi ha'm ta'rbiyalawda mu'mkinshiligi bari'nsha u'les qosi'wi' tiyis.

Bizin' maqset yetken demokratiyali'q wo'zgerisler ja'miyetlik sanada ruwxi'y turmi'sta wo'zgerissiz a'melge asi'ri'li'wi' mu'mkin yemes.

Bul boyi'nsha ko'rkem wo'ner wa'killerinnin' soni'n' ishindejazi'wshi' dramaturglerdin' do'retiwshiliginin' tutqan worni' ha'm a'hmiyeti wo'z aldi'na. Ha'zirgi a'debiyati'mi'z bul juwapkershilikti sezip ja'miyetimizdin' ta'shiwishligi menen jasap ati'r. Wog'an bu'gingi sotsialli'q, siyasiy ekonomikali'q turmi'si'mi'zdag'i' boli'p ati'rg'an wo'zgerisler wo'z ta'sirin tiygizip ati'r. Bul na'rse wo'z gezeginde a'debiyatti'n' bas predmeti bolg'an adam, oni'n' ko'rkem shi'g'armadag'i' sa'wlesi bolg'an qaharman wobrazi'n su'wretlewge bag'dar bermekte.

XX a'sir qaraqalpaq a'debiyati'nda qaharman wobrazi'n jarati'w boyi'nsha u'lken tabi'slar qolg'a kirgizildi. Buri'n a'debiyati'mi'zda bolmag'an epika, drama janrlari' payda boldi'.

A'sirese dramaturgiyag'a tiyisli janrlarda sol da'wirdin' yen' a'hmiyetleri ma'selelerin wortag'a qoyi'wshi' di'qqatqa i'layi'q qubi'li'slardi'n' biri boldi'. Sebebi, dramaturgiyada, woni'n' janrlari'nda da'wir waqi'yalari'ni'n', a'sirese totalitar ja'miyettin' qarama-qarsi'li'qqa toli' ha'diyselerin ju'ritiwshi boyi'nsha da'stu'r qa'liplesip bardi'.

Milliy qaraqalpaq dramaturgiyasi'n rawajlandi'ri'wg'a a'debiyati'mi'zdi'n' ko'plegen wa'killeri u'les qosti'. Ma'selen, XX a'sirdin' birinshi shereginen baslap bul tarawda Q.Awezov, A'.O'tepov, S.Xojaniyazov, N.Da'wqaraev, J.Aymurzaev, keyin ala İ.Yusupov, P.Tlegenov, T.Seytjanov, D.Aytmuratov h.t. basqalardi'n' xi'zmeti ayri'qsha

boldi’, al, T.Allanazarovtin’ dramaturgiyani’n’ izertleniwi boyi’nsha xizmeti ulken boldi

60-70-ji’llar a’debiyat tariyxi’nda Qaraqalpaq dramaturgleri teatr «asxanasi’na» Maman aspaz si’pati’nda ti’g’i’z aralasqan ka’siplik jazi’wshi’li’q sheberlikleri artqan, tematikali’q, formali’q, ko’rkemlik izlenislerge ku’shli bet burg’an, dramani’n’ epikali’q si’pati’n ku’sheytken da’wir si’pati’nda kelip kirdi. Bul ji’llardag’i’ dramaturglerimiz ko’birek tariyxi’y h’a’m zamanago’y temasi’nda piesalar do’retiwge di’qqat awdardi’.

60-70-ji’llar qaraqalpaq dramaturgiyasi’nda sol da’wir ushi’n zamanago’y turmi’sti’n’ h’a’r qi’yli’ ma’seleleri so’z yetildi. Bul ma’selelerdi saxnag’a shi’g’ari’wda ta’jiriybeli dramaturgler J.Aymurzaev, S.Xojaniyazov, T.Seytjanov, T.Jumamuratov do’retiwshilik yetti. Wolardan ti’sqari’ D.Aytmuratovti’n’ «Pirqaqqan», P.Tlegenovti’n’ «Ji’nayatli’ kim» piesalari’ do’ertildi. Degen menen bul do’retpeler ideyali’q, ko’rkemlik da’rejesi jag’i’nan ayi’ri’m nuqsanlarg’a iye bolg’anli’qtan saxnalardi’n’ turaqli’ repertuarlari’na aylani’p qala almadi’.

Belgili jazi’wshi’, dramaturg ha’m kinoscenarist M.Ni’zanovti’n’ g’a’rezsizlik da’wirinde qaraqalpaq dramaturgiyasi’n rawajlandi’ri’wdag’i’ worni’ yelewli boldi’. Woni’n’ satira ha’m yumorli’q gu’rrin’ler toplamlari’, povestleri woqi’wshi’lardi’n’ u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n woyatti’. Na’tiyjede woni’n’ shi’g’armalari’ qaraqalpaq, wo’zbek ha’m wori’s tillerinde basi’li’p shi’qti’. Usi’ ko’z qarastan woni’n’ g’a’rezsizlik da’wirinde jazi’lg’an «Jat jurttag’i’ jeti ku’n», «Aqi’ret uyqi’si’» ha’m «Aqshagu’l» povestlerinin’ wo’zbek tilinde basi’li’p shi’g’i’wi’ milliy prozami’zdi’n’ pu’tkil Wo’zbekstan ko’leminde belgili boli’wi’na tiykar

saldi’. Sonday-aq jazi’wshi’ kinodramaturgiya tarawi’nda da jemisli miynet yetpekte. Woni’n’ qa’lemine tiyisli «Tanka», «Uri’», «Kurort», «Qon’si’lar», «Qaysar» ha’m «Wo’mirdin’ u’sh pasi’li’» kinofilmleri pu’tkil Wo’zbekstan kino i’qlasbentlerinde u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q woyatti’.

Bu’gingi ku’nge kelip qaraqalpaq a’debiyati’ ushi’n da’stu’riy lirika, epika menen birge drama janri’ ken’ rawajlandi’. Ma’selen, M.Ni’zanovti’n’ kinoscenariylerinde ku’ndelikli wo’mirdin’ a’hmiyetli mashqalalari’ ko’terildi. Syujettin’ ha’reketke keltiriwshi elementleri bizin’ zamanlaslari’mi’zdi’n’ xarakterinen soqi’li’g’i’si’wlari’ ha’m wondag’i’ wo’tkir dramali’q konfliktlerdin’ sheshiliwi boli’p tabi’ladi’.

Biz bul pitkeriw qa’niygelik jumi’si’mi’zda qaraqalpaq dramaturgiyasi’nda, atap aytqanda M.Ni’zanov kinoscenariylerini’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligin izertlewdi maqset yettik. Bunda biz ko’rkem material retinde tiykari’nan avtordi’n’ «Tanka», «Uri’», «Kurort», «Qon’si’lar», «Qaysar» ha’m «Wo’mirdin’ u’sh pasi’li’» kinofilmlerin aldi’q. Bunnan basqa qaraqalpaq kinomotografiyasi’ tarixi’nda belgili bolg’an kinofilmlerdin’ milliy ko’rkem wo’nerimizdin’ rawajlani’windag’I’ a’hmiyetine toqtap wo’ttik.

Temani’ u’yreniwde biz ata-babalari’mi’zdi’n’ ruwxi’y miyrasi’nan qaytadan tiyklenip ati’rg’an filosofiyali’q ha’m a’debiy ko’rkemlik shi’g’armalardan paydalanami’z. Usi’g’an qosi’msha estetikali’q pikirler iyelerinin’ du’nya ju’zilik ilimpazlardi’n’ ko’rkem a’debiyatta dramaturgiya haqqi’ndag’i’ filosofiyali’q a’debiy teoriyali’q pikirlerine su’yenemiz.

Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ruwxi’y-ma’deniy turmi’si’nda M.Nizanov kinoscenariylerinin’ tutqan worni’, milliy ko’rkem o’nerimizdin’ rawajlani’w

bag’darlari’, janrli’q qa’siyetlerin ani’qlawdi’ maqset yetip qoydi’q. Usi’g’an baylani’sli’ to’mendegi wazi’ypalardi’ sheshiwdi jobalasti’rdi’q:

1) Jazi’wshi’ M.Nizanov do’retiwshiliginin’ qaraqalpaq dramaturgiyasi’n rawajlandi’ri’wda g’I’ miynetlerine sholi’w;

2) Jazi’wshi’ kinoscenariylerinin’ ko’rkemlik wo’zgesheliklerin u’yreniw;

3) Kinoscenariylerinde obraz jarati’w sheberligi, dialog ha’m monologlardan paydalani’w sheberligin u’yreniw.

M.Nizanov do’retiwshiliginin’ qaraqalpaq dramaturgiyasi’ni’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligi birinshilerden boli’p u’yrenilip woti’r. Qaraqalpaq dramaturgiyasi’nda bul ko’rkem so’z sheberinin’ do’retiwshiliginin’ a’hmiyetin ashi’p beriw jumi’sti’n’ a’hmiyetin (tiykari’n) belgilep beredi. Soni’n’ menen birge jumi’sta ushi’rag’an ayi’ri’m ilimiy-teoriyali’q kemshilikte XXI a’sir qaraqalpaq dramaturgiyasi’n bunnan bi’layda teren’irek izertlewge wo’zinin’ ja’rdemin tiygiziwi mu’mkin.

Jumi’si’mi’z «Kirisiw», tiykarg’i’ bo’lim, juwmaq ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlardan ti’sqari’ u’sh bapqa bo’lip tiykarg’i’ bo’limdi izertleymiz. I bap «M.Nizanov do’retiwshiliginin’ qaraqalpaq dramaturgiyasi’nda tutqan worni’» dep atali’p, bunda jaziwshi’-dramaturgtin’ qa’lemine tiyisli shi’giarmalari’na ilimiy-teoriyali’q jaqtan analiz jasadi’q. II bap «M.Ni’zanov kino-scenariylerindegi ja’miyetlik sha’rayat h’a’m konflikt ma’selesi » atamasi’nda boli’p, kinoscenariylerinde konflikt ha'm ja'miyetlik sha'rayat ma'selesi so'z yetildi. III bap «Qah’arman xarakterin jasawda dialog h’a’m monologlardi’n’ tutqan worni’» dep atali’p,

dramaturgtin’kinoscenariylerindegi, dialog ha’m monologlardan paydalani’w sheberligine toqtap wo’ttik .

## I BAP. M.Ni’zanov do’retiwshiliginin’ qaraqalpaq dramaturgiyasi’nda tutqan worni’

M.Ni’zanov-qa’lemi wo’tkir qaraqalpaq jazi’wshi’lari’nan biri. Wol jazi’wshi’li’q sheberligi arqali’ a’debiyat maydani’na wo’z soqpag’i’ menen kirip keldi. Sebebi, M.Ni’zanov da’slep wo’zinin’ satirali’q shi’g’armalari’ menen ko’zge tu’sip, keyin ala do’retiwshilik manerasi’ni’n’ teren’lesiwi menen iri janrli’q shi’g’armalardi’ da woqi’wshi’larg’a inam yetti. Soni’n’ menen birge wol jurnalistika tarawi’nda da belgili publitsistikali’q maqalalar menen ko’zge tu’sti.

M.Ni’zanov do’retiwshiliginin’ tiykarg’i’ wo’zgesheliklerinin’ biri-ja’miyette ju’z berip ati’rg’an unamsi’z illetlerdi da’l aytpastan, woni’ «si’payi’» tu’rde mi’sqi’lli’ su’wretlewi boli’p tabi’ladi’. Ma’selen, jazi’wshi’ni’n’ «Ha’melden tu’sken qanday boladi’?» atamasi’ndag’i’ satirali’q gu’rrin’ler toplami’ 2005-ji’li’ «Qaraqalpaqstan» baspasi’nan shi’qti’. Wondag’i’ «Ba’ne» atli’ satirali’q gu’rrin’inde, mekeme basli’qti’n’ yemlewxanada jati’rg’an qol asti’nda isleytug’i’n xi’zmetkerdin’ h’ali’nan xabar ali’w ba’nesi menen wo’zinin’ unamsi’z niyetin a’melge asi’ri’wdi’ woylag’an geybir basli’q obrazi’n avtor turmi’sta ushrasi’wi’ mu’mkin bolg’an waqi’yalar qatari’nda si’ng’a aladi’. Shi’g’armani’n’ temasi’ da ju’da’ a’piwayi’, woqi’wshi’ni’n’ itibari’n tez o’zine qarata aladi’. Sonday-aq, jazi’wshi’ni’n’ «Jaqi’nda qi’zi’q boladi’» toplami’ndag’i’ «Qag’i’yda» satirali’q gu’rrin’i de bu’gingi ku’nde ja’miyetimizdegi bazi’ bir basli’qlardi’n’ ju’da’ wo’rko’kirek, menmen yekenligin, qoldan kelse is pitkeriw yemes, woni’ sozi’p adamlardi’n’ tabani’n tozdi’ri’p, sergizdan

yetiw maqsetindegi ali’p bari’p ati’rg’an minezlerin tipikali’q tu’rde su’wretlep bergen. Jazi’wshi’ buni’ jen’il ku’lki menen su’wretleydi. «A’niypa» gu’rrin’inde bolsa, xalqi’mi’zda «anasi’n ko’rip qi’zi’n al» naqi’li’n yesletiwshi waqi’ya sheber su’wretlenedi.

Jazi’wshi’ni’n’ h’a’r bir do’retpesinde turmi’s shi’nli’g’i’ jati’r. Ja’miyettegi wo’zgerisler, adamlardi’n’ peyli, wolardi’n’ is-h’a’reketleri do’retiwshi shi’g’armalari’ni’n’ tiykarg’i’ wo’zgesheliklerine aylang’an. Atap aytqanda «Ku’lme mag’an», «Yeki du’nyani’n’ a’weresi», «Qassapshi’g’a jan qayg’i’», «Jaqi’nda miliysa aytti’», «Pul joq» h’a’m t.b. shi’g’armalari’nda bul wo’zgeshelikler ayri’qsha ko’zge tu’sedi.

Belgili jazi’wshi’ h’a’m dramaturg M.Ni’zanov a’debiyati’mi’zg’a wo’tken a’sirdin’ 80-ji’llari’nan baslap kirip keldi. Wol wo’zinin’ jazi’wshi’ si’pati’ndag’i’ do’retiwshilik joli’n da’slep kishi ko’lemdegi yumor-satirali’q gu’rrin’leri menen baslag’an bolsa, keyin ala bir neshe povestleri, romanlari’ menen qaraqalpaq ko’rkem prozasi’n rawajlandi’ri’wg’a salmaqli’ u’lesin qosti’. Jazi’wshi’ni’n’ h’a’r bir shi’g’armasi’ni’n’ mazmuni’ h’aqi’yqi’y turmi’sqa jaqi’nli’g’i’, qah’armanlari’ni’n’ wo’zine say xarakterge iye boli’wi’ menen aji’rali’p turadi’.

M.Ni’zanovti’n’ «Para» atli’ qi’yali’y povestinin’ waqi’yalari’ tubalaw ji’llari’ndag’i’ ayri’m insanlardi’n’ iplas is h’a’reketleri, wo’z lawazi’mi’nan paydalani’p h’a’r qi’yli’ qi’n’i’r islerge qol uratug’i’n Ari’slan Mi’rzaevichke uqsag’an adamlardi’n’ ja’miyette ko’beyip ketkenligin ashshi’ turmi’s h’aqi’yqatli’g’i’ menen ashi’p beredi.

«Jat jurttag’i’ jeti ku’n» povestinde avtor bu’gingi ku’nnin’ yen’ a’h’miyetli ma’seleleri bolg’an Adam h’a’m ta’biyat qatnasi’qlari’n,

qorshag'an wortali'q problemasi'n shi'g'armani'n' negizgi ideyasi' si'pati'nda sa'wlelendiredi. Sonday-aq insan aqi'l-parasati', woni'n' adamgershilik pazi'yletleri qi'yali'y-yumorli'q usi'lda wog'ada bati'l tu'rde wortag'a taslanadi'. Povest jazi'wshi'ni'n' tabi'sli' do'retilgen shi'g'armalari'nan biri sanali'p, wondag'i' waqi'yalardi'n' bayanlani'w usi'llari' qi'zi'qli'li'g'i' menen woqi'wshi'ni' wo'zine taratadi'.

Jazi'wshi'ni'n' «Yeki qanxor» povesti de qi'yali'y-fantastikali'q waqi'yalar tiykari'nda su'wretlengeni menen wondag'i' qatnasi'wshi' qah'armanlar obrazi' turmi'si'mi'zda ushi'rasatug'i'n insanlar. Wolardi'n' is-h'a'reketleri arqali' avtor turmi's h'aqi'yqatli'g'i'n isenimli su'wretley alg'anli'g'i'n ko'remiz.

«Aqshagu'l» povesti de M.Ni'zanovti'n' sa'tli do'retilgen shi'g'armalari'nan biri boli'p, wo'z waqti'nda ko'pshilik a'debiyatshi' ali'mlar ta'repinen joqari' bah'alani'p, kitap woqi'wshi'lari' ta'repinen qi'zg'i'n ku'tip ali'ndi'.

M.Ni'zanov bulardan basqa da ko'plegen gu'rrin'leri h'a'm povestlerinde de so'z yetilgen da'wir shi'nli'g'i'n ayqi'n ra'wishte ko'rsetip bere alatug'i'n qi'zi'qli' waqyalardi' u'lken sheberlik penen su'wretleydi. Bul shi'g'armalarda pu'tkil xalqi'mi'zdi'n' jaqi'n wo'tmishi, bu'gingi ku'ni, keleshektegi arzi'w-a'rmanlari' ja'mlengen.

Avtordi'n' «Aqi'ret uyqi'si'» povesti woqi'wshi'ni'n' di'qqati'n pu'tkilley basqasha bag'darg'a-insanni'n' teren' ishki du'nyasi'na bag'darlawi' menen qaraqalpaq a'debiyati'nda wo'zgeshelik payda yetti. Bul povest syujetinin' tarti'mli'li'g'i', qah'arman xarakterinin' jetik islengenligi, a'sirese qaraqalpaq qah'arman psixologiyasi'n, woni'n' tu'rli jag'daylari'

arqali’ analitikali’q su’wretlewlerde ashi’p bergenligi menen woqi’wshi’da teren’ ta’sir qaldi’radi’. Ma’selen, shi’g’arma qah’armani’ Wo’temurat g’arri’ni’n’ ko’zi uyqi’da, qa’lbi woyaw «ti’ni’shsi’z ruwx tolg’ani’slari’» woqi’wshi’ni’ teren’ woyg’a salari’ so’zsiz.

Jazi’wshi’ wo’z do’retpelerinde turmi’sli’q, a’piwayi’ dep qaraytug’i’n bazi’ bir waqi’yalari’mi’zdi’ ju’da’ sheberlik penen paydalana alg’an. Usi’ qubi’li’slar avtordi’n’ «Pul joq», «Rekomendatsiya» si’yaqli’ shi’g’armalari’nda ani’q ko’zge taslanadi’. Jazi’wshi’ waqi’ya bayani’n su’wretley woti’ri’p, zaman bag’i’ti’n, da’wir na’pesin de bere alg’an. Mi’sali’, «… Woni’n’ bunnan keyin qansha ah’lap-u’h’legenin, qansha i’shqi’sta bolg’ani’n maydalap ayti’p woti’ri’wdi’n’ bizin’she keregi bolmasa kerek. Sebebi, pu’tkil ma’mleketimiz boylap ekonomikani’ qol ushi’na ko’terip ati’rg’an bir waqi’tta biz de so’z i’si’rapgershiligine jol qoya almaymi’z…» degen mi’salda so’z qi’ysi’ni’n, waqi’yalar izbe-izligin wori’nli’-worni’na qoyi’p, izertlewge ali’ng’an qubi’li’sti’ «ka’mine keltirip» su’wretlep, woqi’wshi’ ju’regine da’l qozg’aw sali’wg’a yerisken.

Jazi’wshi’ni’n’ qaysi’ bir shi’g’armasi’n ali’p qaramayi’q, h’esh birinde arti’q aspay yaki jetpey turg’an kemtigin ko’re almaymi’z. Hesh na’rseni i’si’rap yetpeytug’i’n bul zamanda jazi’wshi’ da h’esh bir so’zdi i’si’rap yetpegen. Avtor h’a’r bir so’zdi tu’rli muqamg’a do’ndirip, sinonimlerin dizbeklestirip, pikirlerin shiyelenistirmeydi, al ju’da’ a’piwayi’ g’ana elementlerden ku’lki deregin tapqan. Sonli’qtan wol adamlar arasi’ndag’i’ ashshi’ h’aqi’yqatli’qti’ «mazali’ ku’lki» menen su’wretlep bere alg’an.

«Qi’sqali’q talantti’n’ belgisi»,-degenindey M.Ni’zanovti’n’ do’retiwshiliginin’ basqa jazi’wshi’lardan aji’rali’p turatug’i’n ja’ne bir

wo’zgesheligi, woni’n’ shi’g’armalari’ qi’sqa, lekin teren’ ma’nis-mazmung’a, obrazli’li’qqa iye h’a’m tema tan’lawda da sol waqi’yani’ ko’rkemlep beriw menen baylani’sti’ra alg’an.

M.Ni’zanovti’n’ tema tan’law sheberligin u’yreniw bari’si’nda wonda to’mendegi qa’liplesken da’stu’rlerdi u’yrendik:

1) Soraw-ga’p tu’rinde tema qoyi’w.( «Ha’melden tu’sken qanday boladi’?» )

2) Buyri’q ga’p tu’rinde. ("Ku’lme mag’an!")

3) Naqi’l-maqal tu’rinde. («Qassapshi’g’a jan qayg’i’»)

4) Sotsialli’q qubi’li’slarg’a tiykarlani’p tema qoyi’w. («Pul joq»)

5) So’ylew tilinde. («Jaqi’nda miliysa aytti’»)

6) Qi’sqa, bir so’z benen tema qoyi’w. («Para»)

7) Adam ati’n paydalani’p tema qoyi’w. («A’niypa»)

Juwmaqlasti’ri’p aytatug’i’n bolsaq, jazi’wshi’ Muratbay Ni’zanov zamani’mi’z so’z sheberi boli’p ko’zge tu’sip kelmekte. So’z salmag’i’n, shenin, teren’ ug’i’na bilgen h’a’m a’debiyati’mi’zdi’n’ abi’rayi’n aqlay bilgen jazi’wshi’ do’retiwshiligi ji’l sayi’n jan’a shi’g’armalari’ menen bayi’p barmaqta.

G’a’rezsizlik ja’miyetlik wo’mirdin’ ko’p g’ana tarawlari’na unamli’ wo’zgerisler kirgizdi. Buri’n rawajlani’wdan artta qalg’an tarawlar alg’a ji’lji’di’. A’sirese, do’retiwshiler g’a’rezsizlik ideyalari’nan ilh’amlani’p jan’a shi’g’armalar do’retti, bunday shi’g’armalarda turmi’sqa jan’asha qaraytug’i’n, wo’mirdin’ jan’a qaynawi’tlari’nda taplang’an qah’armanlar payda boldi’. Buni’ do’retiwshiliktin’ ba’rshe tarawlari’nda - a’debiyatta,

iskusstvo tarawlari'nda, soni'n' ishinde kinoiskusstvosi'nda da ko'riwge boladi'.

Qaraqalpaq kinoiskuustvosi' tariyxi'nda da'slepki ma'rte Shayi'r ha'm ilimpaz N.Japaqov 50-ji'llardi'n' ekinshi yari'mi'nda M.Melkumov penen birge «Aral bali'qshi'lari'» dep atalatug'I'n kinofilmnin' cenariyin jazg'an yedi. Bul kinofilmdegi 50-ji'llardag'I' Aral kelbeti du'nyanin' ko'plegen yellerinin' kino teatrlari'nda ko'rsetildi. Son'I'nan J.Aymurzaevti'n' «Egiz qi'z», I.Qurbanbaevti'n' «Qi'ri'q qi'z» da'stani' tiykari'nda jazi'lg'an kino-scenariyleri jazildi.

Son'g'i' ji'llarg'a kelip O'zbekstandag'i' hu'jjetli filmlerdi tu'siriw studiyasi' bo'liminin' Qaraqalpaqstanda ashi'li'wi' u'lken jan'ali'q boldi'. Jazi'wshi' T.Qayipbergenovtin' «Qaraqalpaq qi'zi'» romani' tiykari'nda «Qaysar qi'z» kinofilmi «O'zbekfilm» kinostudiyasi' ta'repinen tu'sirilgen bolsa, Qaraqalpaqstandag'I' bo'liminde hu'jjetli filmler tayarlawg'a B.Ismaylov, I.Yusupov, O.A'bdiraxmanov h.t.b. cenariyler jazdi'. Bul studiyada «G'umsha» ha'm «Tig'in» atli' kinofilmler tu'sirilip xali'qqa ko'rsetildi. Dramaturgiya janri'nda qa'lem terbep atirg'an avtorlar az boli'wi'na qaramastan, wolarg'a u'lken waziypalar ju'klendi. Qaraqalpaqstan televideniesinin' ashi'li'wi' menen teleko'rsetiwlerde yumor-satirali'q, dramali'q shi'g'armalar jiyi ko'rsetilip bari'ldi'.

70-80-ji'llari' K.Raxmanovti'n' «Wo du'nyag'a mira't» trago-komediyasi' menen I.Yusupovti'n' «A'jiniyaz» operasi'ni'n' librettosi' janrli'q jaqtan jan'a boli'w menen birge teatr saxnasi'nda tabi'sli' atqari'ldi'. Bul ji'llari' dramaturgiya janri'nda buri'nnan jazi'p ju'rgen ta'jiriybeli dramaturglerdin' qatari'na D.Aytmuratov, Q.Ma'tmuratov,

O.A’bdiraxmanov, M.Ni’zanov, S.Jumag’ulov, si’yaqli’ jas dramaturgler kelip qosi’ldi’. Bul avtorlardi’n’ dramali’q shi’g’armalari’ da teatr saxnalari’nda qoyi’li’p kelmekte.

Qaraqalpaq kino ma’deniyati’nda mine, usi’nday unamli’ islerdin’ bu’gingi ku’nge kelip dawam yettiriliwin «Qaraqalpaqfilm» ja’ma’a’tinde de ko’remiz. Bul do’retiwshilik ja’ma’a’tke yele 1970-ji’li’ tiykar sali’ng’an bolsa da 2002-ji’lg’a shekem tek bir film – «Gumm-gum» (1992-ji’l) su’wretke ali’ng’an yedi. 2002-ji’li’ «O’zbekfilm»nin’ ja’rdemi menen «Tank» filmi su’wretke ali’ndi’. A’ne usi’nnan keyin bul ja’ma’a’ttin’ do’retiwshilik islerinde sezilerli unamli’ wo’zgerisler ju’z bere basladi’. G’a’rezsizlik ji’llari’nda 200den aslam h’u’jjetli filmler su’wretke ali’ndi’. Wolarda Qaraqalpaqstan respublikasi’ turmi’si’ni’n’ ko’pshilik tarawlari’, xali’q tiline ilingen insanlar wo’miri, da’stu’rlerimiz, ekologiya mashqalalari’, ta’biyat ko’rinisleri sa’wlelendi. Bul filmler bu’gingi ku’nde Wo’zbekstan h’a’m Qaraqalpaqstan televidenieleri arqali’ ko’rsetilmekte. Ja’ma’a’ttegi bunday unamli’ wo’zgerislerdin’ negizinde M.Ni’zanovti’n’ ko’rsetip ati’rg’an xi’zmetlerin atap wo’tiw wori’nli’. Son’g’i’ ji’llarda tamashago’yler na’zerine usi’ni’li’p ati’rg’an kino filmler stsenariylerinin’ derlik ba’rshesi M.Ni’zanov qa’lemine tiyisli yekenligi avtordi’n’ milliy kino ma’deniyati’mi’zdag’i’ salmaqli’ worni’n belgilep beredi.

Avtordi’n’ «Tank» filminde na’psi ma’selesi tiykar yetip ali’ng’an bolsa da, wonda turmi’sti’n’ ayi’ri’m ta’replerin yumor arqali’ su’wretleydi. Ja’miyette wori’n ali’p ati’rg’an g’a’rezgo’ylik illetleri tiykarg’i’ su’wretlew obekti bolg’ani’ menen isenim, qaraqalpaq xalqi’na ta’n bolg’an sadali’q si’yaqli’ qa’siyetler filmnin’ bas qah’armani’ – Shamurat obrazi’ arqali’

sheber ashi’p berilgen. Filmde syujetler izbe-izligi saqlang’an, wolar isenimli h’a’m filmnin’ bastan aqi’ri’na shekem tamashago’ylerdi qi’zi’g’i’wshi’li’qta uslap turadi’.

«Uri’», «Kurort», «Qon’si’lar» filmlerinde de sada, wo’jet, a’wmeti ju’rmeytug’i’n adamlardi’n’ obrazi’ ju’da’ pa’kize ashi’p berilgen. Bul u’sh filmge de xarakterli bir jag’day – milliy xarakter jarati’w basli’ wori’ng’a shi’qqan. Shi’ni’nda da «Uri’»dag’i’ Erbay, «Kurort»tag’i’ Quwat, «Qon’si’lar»dag’i’ Qudaynazar obrazlari’ – qaraqalpaq adami’ni’n’ xarakterine ta’n bolg’an belgilerdi ja’mlegen. Quwatti’n’ sadali’g’i’, soni’n’ menen birge girbin’siz adamgershilik paziyletleri tamashago’ylerdin’ wog’an degen su’yispenshiligin woyatadi’. Erbay basqan jeri woyi’latug’i’n, a’wmetsiz adam, h’esh kimnin’ h’esh na’rsesine ko’z alaytti’rmasa da «Uri’». Qudaynazar «yeki kon’si’ni’ qosa qondi’rmaytug’i’n» wo’jet, tirsek adam. Biraq wol da wo’z qa’teshiligin tu’sinip qon’si’lar menen jaqsi’ mu’na’sibette bola baslaydi’. Demek, qa’legen jaman adamdi’ da ta’rbiyalawg’a boladi’, bunda ja’miyet h’a’m jeke adamlardi’n’ xi’zmeti u’lken degen ideya ashi’p beriledi. U’sh filmde de turmi’stag’i’ mayda-shu’yde problemalar tiykar yetip ali’ng’ani’ menen wolar «mayda film» da’rejesinde qali’p qoymag’an.

«Wo’mirdin’ u’sh pasi’li’» filmi ayri’qsha so’z yetiwdi talap yetedi. Bul film «Qaraqalpaqfilm» kinostudiyasi’nda prezentatsiya si’pati’nda ko’rsetildi. Qa’nigeler pikir aytti’, filmge unamli’ bah’a berdi. Filmde ma’deniy tariyxi’mi’z jarati’ladi’. Yeshan baqsi’ (laqabi’ Yeshan go’r) qaraqalpaq baqsi’shi’li’q wo’nerinde, uli’wma ma’deniy wo’mirimizde ayri’qsha iz qaldi’rg’an talant iyelerinin’ biri. Wol Aqi’mbet baqsi’, Muwsa baqsi’lardan kiyati’rg’an baqsi’shi’li’q joldi’, baqsi’ namalari’n bunnan bi’lay

rawajlandi’rg’an xali’q tilinde ayti’latug’i’ni’nday arqali’ baqsi’. Filmde Yesjan baqsi’ni’n’ balali’q da’wirinen baslap wo’mir joli’, baqsi’ si’pati’nda qa’liplesiwi isenimli jarati’lg’an. Qaraqalpaq ji’raw-baqsi’lari’na ta’n bolg’an ustaz-sha’kirt da’stu’ri, wolardi’n’ bir-birine si’ylasi’g’i’ h’a’m sadi’qli’g’i’ qusag’an ka’siplik h’a’m adamgershilik paziyletler de berilgen. İbrayi’m boli’s, Barli’qbay boli’s qusag’an tariyxi’y shaxslardi’n’ obrazlari’ da isenimli shi’qqan. Xali’q ibaralari’, ju’yeli so’zler wo’z worni’nda isletilgen.

Filmde mi’naday kishkene waqi’ya bar. İbrayi’m boli’s awi’l aralap kiyati’rsa film personajlari’ni’n’ biri Jumabay (15-16 jasar wo’spirim) mali’n padag’a aydap kele beredi. Boli’sti’n’ tusi’nan wo’tip barati’ri’p ta wog’an sa’lem bermeydi. Sonda boli’s woni’ irkip ati’-jo’nin, kimnin’ balasi’ yekenin soraydi’ h’a’m «-A’ken’e ayti’p bar, qaytadan to’sek jan’alasi’n, a’ke ati’n shi’g’aratug’i’n perzentli boli’p ju’re-me,» - dep ayti’p ketedi. Jasi’ u’lkendi si’ylaw, wog’an sa’lem beriw degen pazi’yletler bizin’ xalqi’mi’zda adamgershiliktin’ tiykarg’i’ normalari’nan yesaplanadi’. Woni’ bilmegen balag’a yel ag’asi’ni’n’ joqari’dag’i’day yeskertiwi ju’da’ wori’nli’ shi’qqan h’a’m wol atag’a da, balag’a da ten’dey yeskertiw yedi. Filmde XX a’sirdin’ 30-ji’llari’ndag’i’ repressiya waqi’yalari’ da berilgen. Xali’q dushpanlari’ si’pati’nda sol da’wirdin’ bilimli adamlari’, qurg’i’n xojali’q iyeleri quwdalang’ani’ menen h’aqi’yqi’y xali’q dushpanlari’ badi’raq ni’qabi’n kiyip alg’an Jumabay qusag’anlar yedi. Wol Yesjan baqsi’ni’n’ qosi’qlari’ jazi’p ali’ng’an magnit plenkalari’n wo’rtep joq qi’li’w qusag’an jerkenishli iske de qol uradi’. Filmde baqsi’lardi’ qosi’q aytti’ri’p jari’sti’ri’w arqali’ xali’q namalari’n bunnan bi’lay da rawajlandi’ri’w isleri ko’rsetiledi. Xali’qti’n’ Yesjan baqsi’ni’ h’aqi’yqi’y jaqsi’ ko’riwi bir qansha epizodlar

arqali' ashi'p beriledi. Ma'selen, filmnin' bir personaji' Yesjan baqsi'ni'n' qosi'g'i'n yesitemen dep yeki yeshkisin sati'p radio sati'p a'keliw ushi'n kempirin bazarg'a jiberiwi, woni'n' bazardan jetip kelemen degenshe taqatsi'zlani'p ku'tiwi, radioni' a'kelgennen keyin de wonda birden Yesjan ayti'p kete bermedi dep kempirin sabalawi' qusag'an epizodlarda yumorli'q su'wretlewler bolg'ani' menen wonda turmi's shi'nli'g'i' wori'n alg'an. Duri's, filmde azi'-kem bolsa da kemshilikler bar. Wonda Yesjan baqsi'ni'n' baqsi'shi'li'g'i'na qarag'anda woni'n' go'r yamasa ko'zi a'zziligine tiykarg'i' di'qqat berilip ketkendey seziledi. Ko'p wori'nlarda woni'n' go'r yekenligi ayti'la beredi. Biraq Yesjan baqsi' go'r bolg'anli'g'i' ushi'n yemes, al talantli' baqsi' bolg'ani' ushi'n tariyxta, adamlardi'n' tilinde qalg'an.

Uli'wma wo'zinin' ayri'qsha talanti' menen xali'qti'n' ma'deniy, a'debiy wo'mirinde iz qaldi'rg'an insanlar jo'ninde bunday ko'rkem filmler do'retiw h'a'r qanday qollap-quwatlawg'a i'layi'q. Sebebi, milliy qa'diriyatlardi' h'u'rmetlew, wolardi' propagandalaw bu'gingi jas a'wlad ta'rbiyasi'nda qol keletug'i'ni'n yel basshi'mi'z bir neshe ma'rtebe ta'kirarlag'an. Yesjan Qospolatov qusag'an talant iyeleri a'ne, usi'nday insanlardan yesaplanadi'.

«Qaraqalpaqfilm»nin' son'g'i' wo'nimlerinin' biri «Qaysar» filminde bu'gingi ku'n temasi' so'z yetiledi. Yelimizde buri'ng'i' kollektiv ja'ma'a't, sotsialistlik ja'ma'a'ttin' worni'na awi'l xojali'g'i'ndag'i' miynetti sho'lkemlestiriwdin' jan'a formasi' – fermershiliktin' sho'lkemlestirile baslawi', wondag'i' qi'yi'nshi'li'qlar, qarama-qarsi'li'qlar filmnin' tiykari'n quraydi'. Filmnin' bas qah'armani' Sag'i'nbay obrazi' arqali' jan'asha woylay alatug'i'n, sho'lkemlestiriwshilik qa'biyletke iye, jigerli, qaysar jigit

sa’wlelenedi. Wol a’piwayi’ wo’jet yemes, wo’zinin’ alg’a qoyg’an maqseti – qalay bolsa da fermerlik isti rawajlandi’ri’w h’a’m ken’eytiw maqseti joli’nda qaysarli’q qi’ladi’. U’lken ma’jilislerde de, u’lken basshi’lardi’n’ aldi’nda da bug’i’p qalmaydi’. Soni’n’ menen birge wol qayi’r-saqawatli’ insan. Ja’rdemge mu’ta’j awi’llaslari’nan qali’s ko’megin ayamaydi’. Buni’ wol woqi’wg’a to’lemli kontrakt penen kirgen awi’llasi’ni’n’ balasi’na kontrakt puli’n fermerdin’ yesabi’nan to’lep beriwi, mu’gedek qi’zg’a mayi’plar arbashasi’n sawg’a yetiwi arqali’ ko’rsetedi. Sag’i’nbay obrazi’n jarati’wda tiykarg’i’ ka’sibi akterli’q bolmasa da Da’wletmurat Qalqorazovti’n’ akterli’q qa’biyletinin’ bar yekenin ko’rsetkenin atap wo’tiwimiz kerek.

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda, bu’gingi ku’nde «Qaraqalpaqfilm» xali’q turmi’si’n, wo’mirdi ekran arqali’ ko’rkem sa’wlelendiriwde a’dewir jemisli islep ati’rg’ani’n atap wo’tkim keledi. Buni’ men ma’deniy wo’mirdi a’piwayi’ baqlawshi’, woni’n’ jan ku’yeri si’pati’nda ayti’p woti’rman. «Jaqsi’ni’n’ jaqsi’li’g’i’n ayt, da’wleti tassi’n» deydi dana xalqi’mi’z. Sol aytqanda iyni kelgende usi’ ja’ma’a’ttin’ direktori’, joqari’da biz atap wo’tken barli’q filmlerdin’ stsenariy avtori’, belgili jazi’wshi’ h’a’m jurnalist Muratbay Ni’zanovti’n’ da miynetlerin ayti’p ketken wori’nli’ boladi’ dep woylaymi’z. Wol o’mirdi teren’ izertlewshi si’pati’nda tarti’mli’ syujetlerdi h’a’m tiyisli personajlardi’ taba biledi. Kinoda h’a’reketten ti’sqari’ personaj so’zi de tiykarg’i’ wori’nda turadi’. Usi’ ko’z qarastan ali’p qarag’anda avtor h’a’r bir personajdi’ filmde tutqan worni’, xarakterine baylani’sli’ so’ylete ali’wi’ da ko’zge taslanadi’.

Ha’zir «Qaraqalpaqfilm»nin’ wo’nimlerin tek g’ana Qaraqalpaqstanda yemes, Wo’zbekstanni’n’ basqa oblaslari’ menen Tashkent qalasi’nda da

sag’i’ni’p ku’tetug’i’ni’n bayqap qalami’z. Bizin’ wol jerdegi doslari’mi’z bul h’aqqi’nda ashi’qtan ashi’q ayti’p ati’r. Solay yeken, bul ja’ma’a’tke ja’ne de tabi’slar tilew menen birge xalqi’mi’z deydinen shi’g’a alatug’i’n ko’plep filmler do’retiwin tileymiz.

## I BAP. M.Ni’zanov kino-ssenariylerinde qaharman xarakterin jasawda ja’miyetlik sha’rayat h’a’m konflikt ma’selesi

«Ko’rkem shi’g’armada yen’ za’ru’rli keskinlikti beretug’i’n na’rse ne?Konflikt. Wog’an qi’zi’g’i’wshi’li’qti’ woyatatug’i’n ne? Konflikt. Wo’mirde, a’debiyatta, uli’wma ha’mme tarawda bizdi alg’a ha’reket yettiretug’i’n ne? Konflikt. Konflikt qansha teren’ ha’m qansha a’hmiyetli, sonday-aq woni’ sheshiw ha’m qansha teren’ bolsa, shayi’r ha’m soni’n’day teren’ ha’m a’hmiyetli boladi’.

Poeziya aspani’, a’sirese, qashan nur shashi’p turadi’? Jawi’nnan keyin, konfliktten keyin”[1]-dep jazg’an yedi nemec shayi’ri’ Yogannes Bexer.

Bul so’zlerden Y.Bexer konflikttin’ a’hmiyeti haqqi’nda pikir ju’ritedi. Konflikt ko’rkem shi’g’armani’n’ yen’ kerekli elementi si’pati’nda u’lken rol woynaytug’i’ni’n ko’rsetedi. Konflikt – dramali’q shi’g’armani’n’ yen’ kerekli elementi. Dramadag’i’ waqi’yalardi’n’ rawajlandi’ratug’i’n ha’m sheshetug’i’n na’rse konflikt.

“Konflikt-(Lati’nsha conblictus-soqli’g’i’siw degen so’zden) Shi’g’armani’n’ wo’tkirligi, tarti’mli’li’g’i’n, ko’rkemlik ha’m ideyali’q quni’n artti’ri’wg’a ja’rdemleseyug’i’n ko’rkem elementlerdin’ biri. Konflikt epikali’q yamasa dramali’q shi’g’armani’n’ syujetin shiyelestiredi. Wol personajlardi’n’ minezlerinin’, ma’nislerinin’ qarama-qarsi’li’g’i’ tiykari’nda payda boladi’ ha’m syujet waqi’yalari’n rawajlandi’radi’. Konflikt jeke minezler, socialli’q toparlar, klasslar arasi’nda payda boli’wi’ mu’mkin ha’m wol avtordi’n’ maqsetine, waqi’yalardi’n’ rawajlamni’wi’na qaray ha’wij ali’wi’ mu’mkin. Personajlardi’n’ arasi’ndag’i’ qatnasi’qlar a’bden

---

[1] И.Бехер. Любовь. Моя поэзия. Москва-1963, 157-158-бетлер.

shiyelenisip,waqi'yalardi'n' rawajlani'wi' birotala shegine (kulminaciyag'a) jetken son' konflikt wo'z sheshimin tabadi'."[1]

Drama konflikti social gu'reslerdin' tiykari' si'pati'nda piesada payda boladi'. Sebebi, drama ko'rkem a'debiyatti'n' bir tu'ri si'pati'nda ja'miyettin' real kartinasi'n, wondag'i' waqi'yalardi'n' uli'wmali'g'i' su'wretlenedi. Soni'n' ushi'n ha'r konflikt social xarakterge iye, konfliktti keltirip shi'ga'ratug'i'n xarakterler gu'resi bolsa, ma'lim bir ideyalardi'n', du'nya-qaraslardi'n' qorg'aytug'i'n ideyalar gu'resinen ibarat. Ha'r bir piesa gu'resinin' tiykarg'i' yeki ideyani' payda yetedi. Wolardi'n' qarama-qarsi'li'g'i' bari'si'nda dramani'n' waqi'yasi' kelip shi'g'adi'.

Drama – qarama-qarsi' ideyalar gu'resin keltirip shi'g'aratug'i'n qural. Drama qaharmanlardi'n' idaeyali'q du'nya qarasi' arqali' wolardi'n' ishki tuyg'i'lari'n, ruwxi'y keshirmelerin, ja;miyetke mu'na'sebetlerin ani'qlaydi'. Nemec filosofi' Gegel dramag'a baha berip, woni'n' wazi'ypasi' adamlardi'n' ishki tuyg'i'lari'ndag'i' kelspewshiliklerin qarama-qarsi'li'qlari'n ashi'wdan ibarat[2]-dep tuwri' pikirdi aytqan. Dramali'q shi'g'armalrdi'n' konflikti wo'zine ta'n wo'zgeshelikke iye. Ha'mme janrlarda ha'm tiykarg'i' wori'nda gu'res-konflikt ma'selesi turadi'. Sebebi, dramali'q shi'g'arma tamashago'ylerdin' ko'z aldi'nda boli'p wo'tedi. Shi'g'armadag'i' xarakterler wo'mirdegi waqi'yalardi' saxnada ko'rsetedi. Ha'r bir qaharman wo'zinin' ha'reketleri, mimikasi' ha'm saxnada wo'zin tuti'w qa'bileti menen ayi'ri'li'p turadi'. Xarakterler dialog formasi'ndag'i' soqli'g'i'si'wlardan du'zilgen ha'm tasti'yi'qlang'an boli'wi' kerek.

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис, Билим, 1994, 104-бет.
[2] Абдуллаев М. Ҳозирги ўзбек драматургиясида конфликт ва характер, проблемаси, 22-бет.

Dramaturg wo’z qaharmanini’n’ ha’reketine aralasa almaydi’. Shi’g’armani’n’ ma’nisi, woni’n’ aldi’na qoyg’an wazi’ypasi’, ideyasi’ tek qaharmanlardi’n’ xarakterinin’ woz’ ara sa’wbetinde ashi’ladi’. Dramaturg shi’g’arma waqi’yalari’na aralasi’wi’, woni’n’ konfliktin woz’ine boysi’ndi’ri’wg’a ha’reket qi’li’wi’ shi’g’armani’n’ ko’rkemlik jaqtan ma’nisin de pa’seyttirip jiberedi. Soni’n’ ushi’n da drama ha’m wondag’Ii’ konflikt shi’g’armani’n’ wo’z ta’biyati’nan payda boli’wi’ ha’m rawajlani’wi’ maqsetke muwapi’q boladi’.

Drama konfliktti ja’miyettegi siyasiy waqi’yalardi’n’ gu’resi, qarama-qarsi’li’qlari’ni’n’ ko’rkeemlik formasi’ boli’p, wol dramali’q shi’g’armani’n’ ishki waqi’yalari’nan kelip shi’g’adi’. Bul konflikt xarakterdin’ soqli’g’i’si’wi’nda ko’rinp, ma’lim bir ideyani’n’ ja’rdemshisi si’pati’nda payda boladi’.

Konflikt dramani’ ha’reketke keltiretug’i’n tiykarg’i’ ku’sh. Bul ku’sh xarakterlerdin’ soqli’g’i’si’wi’nan kelip shi’g’adi’. Ko’rnekli wo’zbek si’nshi’-a’debiyatshi’si’ Ozod Sharafiddinovti’n’ konflikt ha’m woni’n’ ta’biyati’ haqqi’ndag’i’ pikirleri u’lken a’hmiyetke iye. Aytayi’q xarakterlerdin’ woz’-ara soqli’g’i’si’wi’ ha’m gu’resi wo’mirdegi qarama-qarsi’li’qlardi’ ko’rsetetug’i’n formalardan biri. Biz konflikt degende wo’mirdegi ha’m ja’miet siyasati’ni’n’ tiykari’nan payda bolg’an qarama-qarsi’li’qlardi’n’ ko’rkem shi’g’armada konkret obrazlar arqali’ ko’rsetiwin tu’sinemiz. [1]

Bul pikirden konflikt drama waqi’yalari’n ha’reketke keltiriwshi a’piwayi’ ku’sh bolmay, wol belgili bir siyasiy gu’res formali’ ja’miyet siyasati’ni’n’ ko’rkem shi’g’armada ko’rsetetug’i’nli’g’i’n ko’rinip tur.

[1] Шарофиддинов О. Замон, Қалб, Поэзия. Тошкент-1962, 61-бет.

Dramada yen’ qi’yi’n ha’m juwapkerli moment-shi’g’arma konfliktinin’ sheshiliwi. Konflikttin’ quri’li’si’, xarakterler soqli’g’i’si’wi’, wolardi’n’ da’lilleniwi konflikttin’ sheshimin tayarlaydi’. Bul shi’g’armani’n’ rawajlani’wi’ menen baylani’sli’.

Yeger avtor, uli’wma, shi’g’arma dawami’nda wo’mirdegi shi’nli’qqa boysi’nsa, woni’n’ finali’nda da sol pozitsiyani’ paydalani’wi’ mu’mkin. Sebebi, konflikttin’ sheshiliwi yen’ aldi’ menen ideyali’q jaqtan, son’ tekstologiyali’q jaqtan tekseriledi. Avtor shi’g’arma dawami’nda ha’r bir qaharmang’a woz’ine jarasa wazi’ypa ju’kleydi. Lekin, woni’n’ aqi’ri’na taman shi’g’armani’n’ bas ideyasi’n si’patlaytug’i’n qaharmang’a ali’p keledi. Mine, usi’ na’rse drama konfliktin duri’s sheshiwige ali’p keletug’i’n jol. Avtor qaharmanni’n’ ta’g’dirin shi’g’armani’n’ ideyasi’nan kelip shi’qqan halda sheshedi ha’m sog’an qarsi’ konfliktin sheshiwge ali’p keledi.

“A’debiyatti’n’ bas wazi’ypasi’ turmi’stag’i’ waqi’yalardi’n’ ma’nisin tu’sindiriw yekenligin yesapqa ali’p, wonnan bir na’rseni-haqi’yqatli’qti’ talap yetemiz. Avtor bizge usi’ni’p ati’rg’an faktler tuwri’ boli’wi’ kerek. Yeger wonday bolmasa, ko’rkem shi’g’arma wo’z a’hmiyetin jog’altadi’, ha’tteki, zi’yanli’ boli’p qaladi’ [1]” dep jazg’an yedi N.A.Dobrolyubov.

Jazi’wshi’, (dramaturg) wo’z aldi’na qoyg’an maqsetine su’yenip, real turmi’stag’i’ mazmundi’ woz’inde su’wretlewshi tipik waqi’yalardi’ tan’laydi’. Faktlerdi ko’rkemlep uli’wmalasti’radi’. Avtor wo’z ideyasi’ni’n’ maqsetin sol da’wirdegi adamlardi’n’ ishki ruwxi’y du’nyasi’n, jekke xarakterin, uli’wma, dramali’q mazmung’a bay waqi’yalardi’ su’wretleydi.

[1] Абдуллаев М. Ҳозирги ўзбек драматургиясида конфликт ва характер, проблемаси, Т-1970, 39-бет.

“Turmi’stag’i’ adamlar ushi’n qi’zi’q bolg’an ha’mme na’rselerdi”[1] uli’wmalasti’ri’p, tipiklestirip su’wretlewshi konflikt real ko’rkem a’debiyatqa u’lgi bola aladi’.

A’debiy konflikt birinshi gezekte haqi’yqi’y wo’mirdegi qarama-qarsi’li’qlarg’a tiykarlang’anli’g’i’ sebepli, ha’r bir shi’g’armadag’i’ tariyxi’y da’wir mazmuni’ menen ti’g’i’z baylani’sadi’. Dramaturg wo’mirdegi qaram-qarsi’li’qlardi’ uli’wmalasti’ri’p, ko’rkem obrazlardi’n’ is-ha’reketin su’wretlep, konfliktti ko’rkem formag’a keltirip ideyasi’n ashadi’, yag’ni’y, wog’an go’zlegen maqsetin sin’diredi. Ku’ndelikli turmi’stag’i’ adamlar arasi’ndag’i’ boli’p turi’wshi’ ha’r qi’yli’ qarama-qarsi’li’qlar ko’rkem konflikt ushi’n material bolmaydi’. Tek social a’hmiyetke iye bolg’an, ma’lim bir ja’miyetlik turmi’stag’i’ waqi’yalardi’ ashi’wg’a xi’zmet qi’latug’i’n, woni’n’ ushi’n wo’zinde za’ru’r imkaniyatlardi’ ja’mlegen turmi’stag’i’ shiyelenisken qarama-qarsi’li’qli’ waqi’yalar g’ana dramali’q konflikt ushi’n mazmunli’ material bola aladi’. Dramaturg woz’ shi’g’armasi’nda turmi’stag’i’ haqi’yqat qarama-qarsi’li’qlardi’, adamlardi’n’ qari’m-qatnasi’ndag’i’, ishki ruwxi’y keshirmelerinin’ soqli’g’i’si’wi’ndag’i’ konfliktti su’wretleydi. Bul haqqi’nda ilimpaz K.Sultanovti’n’ pikirlerine qosi’li’wg’a boladi’. Wol konfliktlerdin’ tu’rlerine qarap mi’nanday ani’qlama bergen yedi: “Ha’zirgi da’wirde konfliktlerdi ta’biyat ha’m ja’miyet arasi’ndag’i’, ja’miyet ha’m adam arasi’ndag’i’, ha’r bir adamni’n’ wo’zinin’ wo’mir joli’ndag’i’ konfliktlerden ibaratdep belgileydi.”[2] Buni’ ilimiy jaqtan toli’q maqullawga’ boladi’. Sebebi, a’debiy shi’g’armalardag’i’ konfliklerdin’ ko’rinisleri ha’r qi’yli’ boladi’, wolar bir-birine uyqasi’

[1] Чернышевский Н.Г. Танланган адабий-танқидий мақолалар. Уздовнашр. Т-1956, 408-бет
[2] Султанов Қ. Жазыўшы драматург. Н. «Қарақалпақстан», 1984, 20-бет.

mu'mkin yemes. Sonli'qtan da, konfliktlerdi qati'p qalg'an kategoriya si'pati'nda tu'siniwge bolmaydi'.

Ilimpaz wo'zinin' pikirin dawam yete woti'ri'p, bi'lay deydi: "A'debiy konfliktler ha'mme waqi't u'lken ja'miyetlik a'hmiyeti bar tarti'slardi'n', qarama-qarsi'li'qlardi'n' a'debiy sa'wleleniwi boli'p tabi'ladi'. Konflikt ha'reketlerdin' negizinde jatadi', geyde adamlardi'n' woyi'nda, sezimlerinde boladi'. Usi'lay yeken, ja'miyetlik turmi'stag'i' ha'r bir adamni'n' wo'miri, a'debiy konfliktke a'debiyat ushi'n bay materiallar beredi."[1] Bul pikirdi jas ilimpaz F.Utemuratov ta wo'zinin' "Dramaturgiyadag'i' syujet, konflikt ha'm xarakter ma'seleleri"[2] degen maqalasi'nda ilimiy jaqtan toli'q maqullap wo'tedi.

Mine sol si'yaqli' biz izertlep ati'rg'an M.Ni'zanovti'n' kinoscenariylerinde ha'r qi'yli' da'wirlerde ju'z bergen ja'miyetlik turmi'stag'i' unamli' ha'm unamsi'z jag'daylardi' sa'wlelendiretug'i'n syujetti negiz yetip alg'an. Dramaturgiyami'zdag'i' syujet, konflikt ha'm kompoziciya ma'selelerine B .Tursi'nov wo'z miynetlerinde toqtaydi'. "Turmi'sta ushi'rasatug'i'n dramali'q waqi'yani'n' barli'g'i' piesa ushi'n jaramli' bola bermeydi. Adamni'n' aqi'li'-huwshi'n, ju'regin qaplap, socilalli'q-ja'miyetlik xarakterdegi ma'rtlik isti islewge ma'jbu'rleytug'i'n maqset, woy, ma'sele, gu'res ga'na dramali'q, tragediyali'q shi'g'armag'a jaraydi' dep ko'rsetedi."[3]

M.Ni'zanovti'n' "Tank" kino-scenariyinde bizin' bu'gingi ku'nimizde ushi'rasatug'i'n ayi'ri'm mekeme basshi'lari'ni'n' jag'i'mpaz ha'm

---

[1] Сонда 20-бет.

[2] Утемуратов Ф. Драматургияда сюжет, конфликт ҳәм характер мәселелери «Әмиўдәря», 2003, №1 сан, 108-бет.

[3] Турсынов Б. Драматургиямыздағы конфликт ҳәм композиция мәселелери. «Әмиўдәрья», 2000, №1, 90-бет.

jag’i’mpaz xi’zmetkerlerinin’ xarakterdegi unamsi’z illetlerdi atap aytqanda, jag’i’mpazli’q, na’psiqawli’q usag’an illetler asi’q-aydi’n tu’rde qi’psalanbay su’wretlenedi. Demek, kinofilmdetgi personajlardi’n’ ha’mmesi de sol bu’gingi ku’nde arami’zda ushi’rasatug’i’n qarama-qarsi’li’qlardi’ wo’zinde ja’mlegen haqi’yqi’y turmi’sta qanday bolsa, sol hali’nda realistlik forma su’wretlengen. Bunday momentler avtordi’n’ “Qaysar” kinofilminin’ syujetlerinde de ushi’rasadi’. Ma’selen, bas qah’arman Sag’i’nbaydi’n’ iygilikli islerine buri’ng’i’ ja’miyetlik du’zim qi’spag’i’nan quti’la almay ati’rg’an basshi’ lawazi’mdag’i’lar, h’a’tte awi’llaslari’ da qarsi’li’qlar ko’rsetedi. Na’tiyjede shi’g’arma syujetinde konflikt shiyelenisip waqi’yalardi’n’ bunnan bi’lay keskin tu’s aladi’. Bul na’rse wo’z gezeginde waqi’lardi’n’ isenimliligin, wo’tkirligin ta’miynlep beredi. Filmnin’ son’i’na kelip, konfliktlik waqi’yalar Sag’i’nbaydi’n’ maqsetine yerisiwi arqali’ tamashago’yle ushi’n isenimli tu’rde wo’z sheshimin tabadi’.

Biz joqari’da ayti’p wo’tken «Tank» kinofilmi waqi’yalari’nda da «Qaysar»dag’i’ si’yaqli’ ayi’ri’m kimselerdin’ wo’z ma’pin woylap, ja’miyette qarama-qarsi’li’qlardi’ payda yetiwi na’tiyjesinde sada, h’aq kewil g’arri’ Shamuratti’n’ woqi’wi’n pitkerip ati’rg’an qi’zi’ ushi’n «tank» izlep qalag’a keliwi, son’ xali’q artisti Bah’adi’r Muratovqa joli’g’i’wi’, woni’n’ jasi’ u’lkennin’ mu’ta’jin pitkeriw ushi’n h’a’r yesikke bir kirip a’were-sarsan’ boli’wi’ni’n’ aqi’beti nawqaslani’p yemlewxanag’a tu’sip qali’wi’ menen juwmaqlanadi’. Tuwri’, film komediya janri’nda su’wretlengenligi ushi’n da waqi’yalardag’i’ konflikt tamashago’ylerge jen’il yumor arqali’, ku’lkili ta’rizde jetkerip beriledi. Degen menen h’a’r qanday yumor-

satirani'n' tu'p negizinde ashshi' h'aqi'yqatli'q jatatug'i'nli'g'i'n da ayti'p wo'tiw wornli' bolsa kerek.

Jazi'wshi'-dramaturglar ushi'n wo'z shi'g'armalari'nda konfliktti ju'zege shi'g'ari'wi' ushi'n do'retpede so'z yetiletug'i'n da'wirdegi ja'miyetlik sha'rayatlar da tu'rtki boladi'. Yag'ni'y, h'a'r qanday ja'miyetlik wortali'qta qarama-qarsi' pikirlerdin', ko'z-qaraslardi'n' boli'wi' ta'biyiy qubi'li's. Bul protsess arqali' jazi'wshi' wo'z shi'g'armalari'nda waqi'yalardi'n' yele de shiyelenisiwin, qah'arman xarakterlerinin' jarati'li'wi'nda na'tiyjeli paydalanadi'.

M.Ni'zanovti'n' kino-stsenariylerinde de ja'miyetlik sha'rayatlar konflikt jarati'wda wori'nli' qollani'lg'an. Avtordi'n' komediya janri'ndag'i' shi'g'armalari'nan ti'sqari' ja'miyetlik turmi'sti' sa'wlelendiriwshi kinofilmlerinde de konfliktti ju'zege shi'g'ari'w h'a'm wonnan tiyisli juwmaqti' payda yetiw sheberligin de ko'remiz. Ma'selen, «Uri'» kino-komediyasi'ndag'i' mi'na epizodta bas qah'arman Yerbaydi'n' qon'si'-qobalari' arasi'nda «uri'» atali'p ketiwinin' de negizi, qorshag'an wortali'q, adamlar arasi'ndag'i' mayda ga'p so'zlerdin' izi Yerbay ushi'n keyin ala u'lken do'h'metke aylani'p ketkenin ku'ndelikli turmi'si'mi'zdag'i', ja'miyetimizdegi ushi'rasatug'i'n illetler berilgen.

**To'rejan:** Keshe seni shuqlasti'ri'p soray bermeppen, nege ko'ship keldin'?

**Yerbay:** -Jan'adan ashi'lg'an gerbish zavodqa masterlikke shaqi'rg'an yedi. Ayli'g'i'da jaqsi' yeken. u'sh-to'rt ji'ldan beri jumi'ssi'z yedim. Sonnan keyin kelgendi maqul ko'rdim.

**To’rejan:** - Duri’si’n aytaber, ya bir jaqpas qi’li’q qi’li’p, awi’li’n’nan ko’shirip jiberdime?

**Yerbay:** - Yag’aw, ag’a!

**To’rejan:** -Wonda men sag’an bir mi’sal aytayi’n. Shomanayda Yaqi’p qari’y degen bir aqsaqal bar yeken. Bir ku’ni uri’lar woni’n’ sawi’n si’yi’ri’n urlap ketipti. Yerten’ine qon’si’-qobalar kelip «Yaqi’p ag’a, h’esh ga’p urlang’an mal bolsi’n, basi’n’i’zdan sadaqa» -degen yeken. Sonda Yaqi’p qari’y, «A’-a’y,mag’an-a’m h’esh ga’p, ana urlag’anlardi’n’ sori’ quri’da-g’o»-depti. Buni’ yesitken uri’lar qari’ydi’n’ ka’ramati’nan qorqi’p, tu’ni menen si’yi’ri’n a’kelip, qazi’g’i’na baylap ketipti. Men g’oy Yaqi’p qari’yday ka’ramatli’ adam yemespen. Biraq, alg’an zati’n’di’ worni’na a’kep qoymasan’, sag’an ka’ramatti’n’ basqa tu’rin ko’rsetiwim mu’mkin.

**Yerbay:** - Tu’sinbedim.

**To’rejan:** -Tu’sinbesen’ tu’sin! Meni basqa jol menen tu’sindiriwge ma’jbu’rleme!

**Yerbay:** - To’rejan, ag’a men kimnin’ nesin ali’ppan?

**To’rejan:** -a’y-y! (ketedi)

**Yerbay:** -To’rejan ag’a, ani’qlap ayti’n’sa.[1]

M.Ni’zanovti’n’ kinodramaturgiya tarawi’ndag’i’ do’retiwshilik sheberliginin’ ja’ne bir ta’repi sonnan ibarat, wol kino-stsenariylerinin’ syujetinde wo’zinin’ qa’lemine tiyisli yumorli’q gu’rrin’lerin de sheber sintezley alg’an. Bul na’rse shi’g’arma waqi’yalari’ndag’i’ konfliktti keltirip shi’g’ari’wda uti’mli’ na’tiyjeni ta’miynleydi. Ma’selen, «Kurort» komediyasi’ndag’i’ Quwatti’n’ aeroportta birewdin’ amanati’n jetkerip bergen payi’ti’ndag’i’ ku’lki tuwdi’ratug’i’n epizodi’ avtordi’n’ «Amanat» atli’ yumorli’q gu’rrin’inen

[1] Нызанов М. «Уры» кино-сценарий, «Қарақалпакфильм» репертуар фонды. 5-бет.

ali’ng’an boli’p, usi’ ko’rinis te adamlar arasi’ndag’i’ bir-birewge isenim h’a’m isenimsizlik si’yaqli’ qa’siyetlerdin’ kinofilm stsenariyine isenimli ta’rizde sin’dirilip berilgen.

Kolliziya-ko’rkem shi’g’armada xarakterlerdin’ arasi’nda gu’res yamasa xarakterler menen sharayatlar arasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’q.[1]

Saxnada qoyi’lg’an shi’g’armada, wo’mirdegi mashqalalar personajlar woyi’nda keshirilmese, waqi’yalar ruwxi’y ishki tuyg’i’lar arqali’ su’wretlenbese, yag’ni’y, kolliziya da’rejesine jetkerilmese, wonday shi’g’arma haqi’yqi’y ko’rkem shi’g’arma bola almaydi’.[2] Ma’selen; V.Shekspir tragediyalari’nda tragediyali’q kolliziyalar u’stem bolsa, Hamza Ha’kimzada Niyaziy, Kamil Yashi’n dramalari’nda dramali’q kolliziyalar, A.Qahhardi’n’ gu’rrin’lerinde komik kolliziyalar su’wretlenedi. Demek, kolliziya shi’g’armadag’i’ konflikttin’ ishki wo’zegin su’wretleydi. Kolliziyani’n’ payda boli’wi’nda, ayti’p wo’tkenimizdey,xarakterlerdin’ gu’resleri maqsetine yerisiwdegi soqli’g’i’si’wlari’, rol woynag’anday qaharmanlardi’n’ minez-qulqi’, wo’mirdegi worni’, izleniwleri, qa’telesiwleri, ku’tilmegen ha’diyseler de u’lken wori’n tutadi’.

Biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda analizlep ati’rg’an M.Ni’zanovti’n’ kino-stsenariylerinde bolsa konflikt jarati’wda ko’birek komik kolliziyalar ushi’rasadi’. Pikirimizshe buni’n’ basli’ sebebi, avtordi’n’ derlik ba’rshe kinofilmleri komediya janri’nda jarati’lg’an boli’p, syujetinin’ waqi’yalari’ ko’binese yumorli’q planda do’retilgen. Woni’n’ «Qon’si’lar» kinofilmindegi waqi’yalar dizbegi bir-birine si’baylas woti’rg’an jan qon’si’lar Qudaynazar h’a’m Allanazarlar wortasi’ndag’i’ bir-birine qarama-

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис, Билим, 1994, 100-бет.
[2] Имамов Б. Ҳаёт ва драмалик конфликт. Т., 1968, 57-бет.

qarsi’ su’wretlengen. Sebebi, wolardi’n’ du’nya qarasi’ da, xarakteri de bir-birinen pari’q qi’ladi’. Qudaynazar ku’ta’ sha’ddes, a’tirapi’ndag’i’ adamlarg’a, jaqi’n qon’si’lari’na ku’n bermeytug’i’n, tek g’ana wo’z ma’pin woylaytug’i’n insan bolsa, Allanazar woni’n’ bul qi’li’qlari’n yelestire bermeytug’i’n, Qudaynazardi’ jasi’ u’lken si’pati’nda h’u’rmetleytug’i’n ken’ peyil jigit. Biraq ta Qudaynazar wo’zinin’ qi’rsi’q minezligine bari’p Allanazar ko’ship kelgennen baslap ku’n bermey baslaydi’.

**Qudaynazar:** -Ha’, qon’si’, tu’yeni satti’n’ ba?

**Allanazar:** -Ha’y, sadag’asi’ keteyin, Bul bazarg’a tu’ye tu’speydi yeken. Kettim bardi’m da zorg’a mi’na sawi’n si’yi’rg’a awmasti’rdi’m.

**Qudaynazar:** -Tu’yen’e jarima salg’an sanepid, si’yi’ri’n’di’ aldi’na ali’p woti’rar deppe yedin’! Wonnansha mebel-sebil ali’p qoyag’oymaysan’ ba?

**Allanazar: (ku’lip)** –Mal bazarda mebel bolmaydi’ yeken da’, ag’a!… Woyi’n g’o, Qudaynazar ag’a, tuyaq worni’na tuyaq bolsi’n dedim.

**Qudaynazar:** -Him! Sheshen’ malqorada tuwg’an shi’g’ar sira’![1]

Wolar arasi’ndag’i’ usi’nday mazmundag’i’ qarama-qarsi’li’qlar ku’n wo’tken sayi’n shiyelenisip bara beredi. Waqi’yalar jen’il yumor tu’rinde su’wretlengeni menen ayri’m wori’nlarda turmi’s mashqalalari’n, insanlardi’n’ bir-birine bolg’an adamgershilik qatnaslari’n ko’rsetetug’i’n wori’nlarda personajlardi’n’ ishki keshirmeleri tamashago’ylerdi woylani’wg’a, bir-birewge meh’ir-miriwbetli boli’wg’a shaqi’ratug’i’n epizodlardi’ da ushi’ratami’z. Bunnan ko’rinip turg’ani’nday avtor wo’z shi’g’armasi’ni’n’ tiykarg’i’ ideyasi’n ashi’p beriwde kn’rkem konflikt

[1] Нызанов М. «Қоңсылар» кино-сценарий, «Қарақалпақфильм» репертуар фонды. 12-бет.

jarati’wdi’n’ kolliziya usi’li’nan h’a’r qi’yli’ bag’darda sheber h’a’m wori’nli’ qollang’anli’g’i’ bayqaladi’.

Ko’rkem shi’g’armada wo’mirdegi qarama-qarsi’li’qlardi’n’ su’wretleniwi, shi’g’armani’n’ dramatizmin asi’ri’w, avtor ideyasi’n ha’m maqsetin xarakterler arqali’ ta’sirli su’wretlew, yag’ni’y, ko’rkem konfliktti keltirip shi’g’ari’w jollari’ tu’rlishe. Wolardi’n’ arasi’nda yen’ a’hmiyetli wori’n iyelaytug’i’n usi’llardi’n’ biri-intriga.

Intriga (lati’nsha-intrlare-shiyelenistirmek degen soz’den ali’ng’an)-epikali’q yamasa dramali’q shi’g’armada personajlardi’n’ ku’tilmegen ha’m shiykelisken jag’daylarg’a tap boli’wi’, personajlardi’n’ arasi’ndag’i’ qatnaslardi’n’ qatan’ keskinlesiwi.[1] Intriga syujetti qi’zi’qli’, tarti’mli’ yetiw ushi’n personajlar arasi’ndag’i’ konfliktti, qarama-qarsi’li’qlardi’ ku’sheytiw ushi’n, xarakterlerdi toli’g’i’raq ashi’w ushi’n qollani’ladi’.

Biz ko’rkem shi’g’armadfa ko’rgenimizdey, intrigag’a-hiyle, aldawshi’li’q, jag’I’mpazli’q, qi’zg’anshaqli’q, ha’m tag’i’ basqa unamsi’z illetler kiredi. Bul unamsi’z illetlerdin’ ha’mmesi ani’q insanni’n’ minez-qulqi’ menen baylani’sli’ boli’p, woni’n’ wo’z maqsetine yerisiw ushi’n hesh na’rseden qaytpaytug’i’n ha’reketlerinde payda bolatug’i’n varakterlerdin’ ishki tuyg’i’lari’n ko’rsetetug’i’n usi’l. Usi’g’an baylani’sli’ intriga xarakterlerdin’ shiynelisken formasi’ndag’i’ konfliktti keltirip shi’g’aradi’.

«Qon’si’lar» komediyasi’nda xarakterler arasi’ndag’i’ konfliktti keltirip shi’g’ari’wda avtor intriga usi’li’nan da paydalang’an. Na’psiqaw Qudaynazar taza qon’si’si’ Reypnazar ko’ship kelgenge shekem wo’zinin’ unamsi’z h’a’reketlerin dawam yettiredi.

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис, Билим, 1994, 87-бет.

**Qudaynazar:** -Bul bala wo’zi qayaqta isleydi?

**Allanazar:** **(ku’lip)** –Reyipnazar ma?

**Qudaynazar:** -Awa. Miliysada ma?

**Allanazar:** -İ-i!

**Qudaynazar:** -Purkiral ma?

**Allanazar:** -Ti-tix!

**Qudaynazar:** -Wonda qayaqta – sali’qta ma?

**Allanazar:** -Yag’aw! Pochtada g’o!

**Qudaynazar birazg’a deyin u’ndemey qaladi’.**

**Qudaynazar:** -Ne bolsa da, biraq, zan’-zakundi’ iship alg’an yeken? Purkirali’n’di’ albi’ratadi’.

**Allanazar:** -Qudaynazar ag’a, bir na’rse aytayi’n, kewlin’izge kelmeyme?

**Qudaynazar:** -Ayt, ayt! Usi’ waqqa deyin kewlime kelgendey ga’p aytqan joq yedin’.

**Allanazar:** -Woni’ birewler ko’ship kelmesten buri’n qorqi’tqan al, Qudaynazar degen bir aqsaqal bar, kim bolsan’ da won’i’sti’rmaydi’, sha’ddes! Yele jayi’n’di’ qaytari’p sata almay a’were bolasan’, degen.

Joq jerden ga’p tawi’p, sizden buri’n mush ko’terip j6rgeni sol…

**Qudaynazar:** -He-e, solay de…

**Qudaynazar birazg’a deyin u’ndemey qaladi’.**

**Allanazar:** -Ag’a, qapa boldi’n’i’z ba?

**Qudaynazar:** -Yag’a’! Sonda da «meshkey degen jaqsi’ at yemes» degen ga’p bar xali’qta… Mennen qon’si’lar biyzar bolsa…

**Allanazar:** -Yag'aw, biyzar yemespiz ag'a! Yekewmiz sira' sen-menge bardi'q pa? Si'rttag'i' adamlar «ji'n'g'i'l dese qi'rg'i'n» dep ayta beredi.

**Qudaynazar:** -Buni'ki de tuwri' boldi'. …Ne de bolsa usi' baladan aybi'ni'p, ba'rin za'ku'nlestirip aldi'm. Wo'zin' qayaqtan kiyati'rsan'?...[17]

Bul dialogtan son' Qudaynazar jan'a qon'si'si' Reypnazardi'n' wog'an yelespesiz, biraq ku'shli qarsi'li'qlari' aqi'betinde woylani'wg'a, adamlarg'a basqasha ko'z-qarasta qarawg'a ma'jb6r boladi'. Demek, Qudaynazar wo'zi buri'n ko'rmegen h'a'm woylamag'an ku'shli qarsi'li'qqa ushi'rag'an son' bul jag'daydan shi'g'i'p ketiwge qanshelli uri'nbasi'n ba'ribir pikirinen qayti'wg'a, adamgershilik joli'na tu'siwge ma'jbu'r boladi'.

Uli'wma aytqanda, ja'miyettegi turmi'sti'n' rawajlani'wi'ndag'i' qarama-qarsi'li'qlar adamlar arasi'nda tarti'slar, psixologiyasi'ndag'i' arpali'slar ko'rkem konfliktke tiykar bola aladi'.

---

[17] Нызанов М. «Қоңсылар» кино-сценарий, «Қарақалпақфильм» репертуар фонды. 35-бет.

# III BAP. Qah'arman xarakterin jasawda dialog h'a'm monologlardi'n' tutqan worni'

Drama neden baslanadi'? drama xarakterlerdin' soqli'g'i'sqan, gu'reske jerinen baslanadi'.

Varakterlerdin' soqli'g'i'si'wi' konfliktti shi'g'aradi'. Demek, drama ha'm konflikt baslang'an jerden wo'z rawajlani'wi'n baslaydi'. Konflikttin' dramadag'i' a'hmiyeti joqari'da ayti'p wo'tildi. Wol saxnada ha'reketti iske keltiriwshi ri'chag ha'm de wo'mirdegi qi'yi'nshi'li'qlardi'n' ko'rkem sheshimi boli'p xi'zmet yetedi. Bulardi'n' ha'mmesi konflikttin' xarakter menen baylani'si'nan, wolardi'n' wo'z-ara ta'sirinen kelip shi'g'adi'. Sebebi, "Yeger konflikt bir mashinani'n' motori' bolsa, xarakter sol motordi' iske qosatug'i'n, wog'an quwat beretug'i'n ku'sh" [1] – boli'p sanaladi'.

Demek, konflikt xarakter menen ti'g'i'z baylani'sli'. Sebebi, konfliktti ha'reketke keltiretug'i'n xarakter. Xarakterdin' rawajlani'wi' drama waqi'yasi'ni'n' jaqsi' ya jaman boli'wi'n belgileydi. Bul avtordi'n' alg'an ideyasi'ni'n' qanday usi'lda beriliwine ha'm sheshiliwine baylani'sli'.

Xarakter-minez (grekshe character – belgili, ayri'qsha woz'ine ta'n degen ma'niste) ko'rkem shi'g'armada wo'zine ta'n minez-quli'q woz'gesheliklerine iye bolg'an ja'ne insan da'rejesine ko'terilgen, ha'r ta'repleme ashi'lg'an qaharman obrazi'. Qa'legen ko'rkem shi'g'armada qaharmanlardi'n' xarakteri wol jasap turg'an social-ja'miyetlik sharayat, wortali'q penen baylani'sta ali'ni'p, woni'n' jeke umti'li'slari', a'dep-ikramli'li'q belgileri, turmi'sti'n' wo'zindegidey renjiwleri, ishki ruwxi'y psixologiyali'q jag'dayi' ashi'p beriledi. Yeger de bug'an qarama-qarsi'

[1] Абдуллаев М. Ҳозирги ўзбек драматургиясида конфликт ва характер, проблемаси. 79-бет.

qaharmanlardi’n’ minez-qulqi’, woni’n’ jekke si’patlari’, ruwxi’y halati’ ashi’p berilmese, wonda wolar aldi’n ala tayarlani’lg’an, tayar kestege quri’lg’an isenimsiz, jansi’z qaharmanlar yamasa, Belinskiy aytqani’nday “wo’li su’lder” boli’p shi’g’adi’. Son’g’i’ waqi’tlari qaharmanlar xarakterin ashi’p beriwdegi teren’lik, kem-kem buri’ng’i’day jasalmali’li’qtan quti’li’p, isenimlikke qaray bet buri’wg’a, turmi’sti’n’ wo’zine jaqi’nlasi’wg’a umti’li’s, bul bag’dardag’i’ ko’rkem psixologiyali’q su’wretlew ayqi’n seziledi.[1] Bul si’patli’ wo’zgeshelikler ha’zirgi qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ barli’q janrlari’nda ani’q ko’rinedi. Ma’selen; drama janri’nda da xarakter jarati’lar yeken, woni’n’ wo’zinshellik ta’replerine itibar beriledi. Bul ba’rinen de buri’n turmi’s shi’nli’g’i’n su’wretlewde psixologizmnin’ tutqan worni’ menen baylani’sli’.

M.Ni’zanov wo’z qaharmanlari’ni’n’ xarakterin sa’wlelendiriwde, waqi’yaquwalap ketpegen, al, kerisinshe wori’nli’ jerlerde qaharman xarakterin, woni’n’ psixologiyali’q jag’dayi’n, woylani’w, pikir ju’ritiwlerin dialog ha’m monolaog, remarka usi’llari’nda ayqi’n, ani’q su’wretlegen.

Monolog – (grekshe monos – bir ha’m logos – so’z), ko’rkem shi’g’armada qaharmanni’n’ ko’pshilikke yamasa wo’zine qarata aytqan so’zleri. Monolog, ko’binese, dramali’q shi’g’armalarda ushi’rasadi’. Mi’sali’, Shekspirdin’ “Gamlet” tragediyasi’nda Gamlettin’ monologi’ woni’n’ ani’q obrazi’n ha’m uli’wma sol shi’g’armani’n’ ideyasi’n ku’sheytip beriwge ja’rdem yetedi.[2]

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис, Билим, 1994, 227-бет.

[2] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис, Билим, 1994, 138-бет.

Mine usi’ ayti’lg’ani’nday, monologlar M.Ni’zanov kino-scenariylerinde qaharmanlardi’n’ xarakterin ashi’wg’a, ideyasi’n ku’sheytiwge, konfliktlerdi shiyelenistiriwge ha’m sheshiwge ja’rdem yetedi. Ma’selen, “Uri’” kinofilmindegi awi’l aqsaqali’ To’rejan nawqaslani’p yemlewxanag’a tu’sken payi’ti’nda balasi’na aytqan na’siyati’ arqali’ woni’n’ xarakterindegi salmaqli’li’q, h’a’r qanday jag’dayda da jasi’ u’lkenlik, a’kelik pari’zi’n wori’nlay alatug’i’n u’lken qa’lib iyesi yekenligi seziledi.

(Tashkent. Yemlewxana. To’rejan balasi’ menen.)

**To’rejan:-** Balam, jamanli’qti’ aldi’n’a sal, jaqsi’li’q h’esh jaqqa qashpaydi’ degen ata baba. Sol aytqanday nabada bir is boli’p qalsa, meni awi’lg’a g’arri’ni’n’ jani’na ali’p ketpey-aq qoy. Qalada h’a’r ji’li’ yeske ali’w ku’nleri boladi’, sonda yel basshi’lari’ jurt qatari’ menin’a’m qa’birime baradi’, sonda menin’ ruwxi’m shad boladi’. Menin’ sag’an aytayi’n degenim sol yedi. Basqa jag’i’nan kewlim toq. Tag’i’ aytari’m wo’zin’di beglerdey tut. Menin’ nawqasi’mnan albi’rama?

«Xan aq u’yli qi’lg’ani’nda,

Mun’aymadi’ Yernazar biy»-degen Berdaqti’n’ qosi’g’i’n bilesen’ be?

**Balasi’:-** Bilemen, ag’a.

**To’rejan:-** Bilsen’, ba’rh’a’ma’ sonday ma’rt bol? Mun’ayma balam? Al yendi doktorlarg’a bari’p ayta g’oy, da’rilerin tayarlay bersin?[1]

To’rejanni’n’ yel ag’asi’ si’pati’ndag’i’ so’zleri stsenariydin’ ko’pshilik epizodlari’nda berilip woni’n’ jetilisken obraz si’pati’nda ju’zege keliwine ta’sirin tiygizedi. Sonday-aq, bas qah’arman Yerbay obrazi’ni’n’ xarakter si’pati’nda qa’liplesiwine sezilerli ta’sirin tiygizedi. Film stsenariyinde

---

[1] Нызанов М. «Уры», «Қарақалпакфильм» репертуар фонды, 25-бет.

Yerbaydi’n’ awi’l-yel arasi’nda jazi’qsi’z uri’ atali’p qi’ynalg’an payi’tlari’ndag’i’ keshirmeleri de ishki monologlar arqali’ beriledi.

Qah’armanlardi’n’ tu’rli h’alatlardag’i’ sezimleri, wolardi’n’ shadli’g’i’, qayg’i’-g’ami’, tolg’ani’slari’ M.Ni’zanov kinofilmleri stsenariylerinde monologti’n’ h’a’r qi’yli’ usi’llari’nda (ishki h’a’m si’rtqi’ monologlar) jiyi qollani’ladi’.

Avtordi’n’ «Qaysar» filminin’ stsenariyinde de bas qah’arman Sag’i’nbaydi’n’ aldi’na qoyg’an maqseti joli’ndag’i’ ko’rgen qi’yi’nshi’li’qlari’, ayri’m jag’daylarda isi ju’risken payi’tlari’nda islegen islerinen qanaatlani’wshi’li’qlari’ monologlar arqali’ berip wo’tilgenligin atap wo’tiw wori’nli’. Usi’nay momentlerdin’ stsenariyde jiyi-jiyi beriliwi arqali’ xarakter qa’liplesedi, personajdi’n’ tipik obraz si’pati’nda qa’liplesiwine unamli’ ta’sirin tiygizedi.

Biz joqari’da M.Ni’zanov kino-stsenariylerinde qah’armanlardi’n’ minezin ashiwda monologlardi’n’ a’hmiyeti haqqi’nda ayti’p wo’tken yedik. Al, yendi usi’ punktte komediyadag’i’ qaharmanli’q xarakterin jasawda dialog ha’m remarkalardi’n’ tutwan worni’na toqtap wo’temiz.

Dialog – (grekshe dialogos –yeki adamni’n’ wo’z-ara so’ylesiwi) ko’rkem shig’armada waqi’yani’ tu’sindiriwge, xarakterdi ashi’wg’a ja’rdem beretug’i’n usi’llardi’n’ biri. Sialoglar tuwra ga’dler menen beriledi.[1]

Al, remarka – (fransuzsha remargus – tu’simlik ma’nisinde).[2]- dramali’q shi’g’armalardag’i’ avtordi’n’ tu’sindirme sozi. Dramali’q shi’g’armalardi’n’ su’wretlew mu’mkinshiligine, wondag’i’ sheklewshiliklerge baylsni’sli’ avtor

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис, Билим, 1994, 176-бет.

[2] Сонда. 176-бет.

ta’repinen qaharmanlardi’n’ tu’r-tu’si, ka’sibi, is-ha’reketi, minez-qulqi’ tuwrali’ tu’sinik beriwi za’ru’r boli’p qaladi’. Soni’n’ ushi’n da, remarkalar piesani’n’ duri’s tu’siniliwine, woni’n’ saxnada qoyi’li’wi’nda, rollerdin’ jaqsi’ atqari’li’wi’nda ayri’qsha a’hmiyetke iye boladi’.

M.Ni’zanovti’n’ kinofilmleri stsenariylerinde de qah’armanlardi’n’ xarakterin jarati’wda dialoglardan na’tiyjeli paydalang’anli’g’i’n ko’remiz. Sonday-aq, personajlardi’n’ minez-kulqi’, su’wretlenip ati’rg’an waqi’yalardag’i’ h’a’r qi’yli’ h’alatlarg’a baylani’sli’ qah’armanlardi’n’ is-h’a’reketlerine, tu’r-tu’sine tu’sinikler beriw ushi’n remarkalardi’ da wo’z worni’nda, duri’s qollana bilgen.

Biz jumi’si’mi’zdi’n’ keyingi bo’limlerinde kino-stsenariysttin’ shi’g’armalari’ndag’i’ qollani’lg’an personajlardi’n’ dialoglari’ h’a’m h’aqi’yalar bari’si’nda qollani’lg’an remarkalari’nan mi’sallar keltirip, pikirlerimizdi tasti’yi’qlawdi’ lazi’m dep tapti’q.

M.Ni’zanov ta’repinen do’retilgen «Wo’mirdin’ u’sh pasi’li’» kino-stsenariyi biz joqari’da ayti’p wo’tkenimizdey avtordi’n’ son’g’i’ do’retpelerinen boli’p, film xalqi’mi’zdi’n’ su’yikli atqari’wshi’si’ Yeshan baqsi’ Qospolatovti’n’ wo’miri, do’retiwshilik joli’ h’aqqi’nda so’z yetedi. Shi’g’arma waqi’yalari’ XX a’sirdin’ baslari’nan baslani’p, wonda xalqi’mi’zdi’n’ sol da’wirdegi ku’ndelikli turmi’si’, ja’miyetlik-siyasiy du’zim, yel basqarg’an tariyxi’y insanlardi’n’ wo’miri ken’ planda su’wretlengen. Soni’n’ ushi’n da personajlardi’n’ so’ylew tilinde sol da’wirler ushi’n xarakterli bolg’an teren’ ma’nililik, saldamli’li’q, aytatug’i’n h’a’r bir so’zine u’lken itibar menen sanal qatnas jasaw qa’siyeti sin’dirilgen. Mi’sali’

**Qariyshan:** -Ma’, mi’nani’ bekkem jerin’e sali’p al.

**Jiyemurat:** -Bismilla raxman raxim.

**Qariyshan:** -Ketermen bolsan’ ne ilaj. Yendi yelge qayti’p woralmag’i’n’ nagu’man bolar. Wo’lmey bende qalmaydi’. Aqi’ret ku’ni jaqi’nlag’anda ballari’n’a wa’siyat qi’li’p ayt, u’stin’e jan’ag’i’ tuwi’lg’an jerin’nin’ bir shi’mti’m topi’rag’i’n shashsi’n. Al, yendi qoli’n’di’ jay!

İlaya awmiyin,

Jortqanda joli’n’ bolsi’n,

Qi’di’r ata joldasi’n’ bolsi’n,

Diydar qi’yamette iymani’ pu’tin yetip duslasti’rg’aysan’, allah’u akbar!

**Jiyemurat:** -Allah’u akbar! Ko’p jasan’ taqsi’r! İyman bayi’ boli’n’!

Jiyemurat qoli’ndag’i’ u’lken tu’yinshigin sheship, sen’sen’ posti’ndi’ aladi’.

**Jiyemurat:** -Taqsi’r, bir ji’lqi’ berip tiktirgen sen’sen’ toni’m yedi. Wo’zim yele iynime suqqani’m joq. Sizge ali’p keldim.

**Qariyshan:** -Ta’n’ir jari’lqasi’n, ali’p keteber.

**Jiyemurat:** -He, wo nege taqsi’r? Sizge arnap ali’p keldim. Quri’ tabaqqa pa’tiya ju’re me?

**Qariyshan:** -Men watan gedasi’nan sarpay kiymeymen…[1]

Bul mi’sal kino-stsenariydegi personajlar belgili ulama Qariyshan h’a’m zaman dag’dari’slari’nan basni’n’ amanli’g’i’n woylap shet yellerge qashi’p ketpekshi bolg’an Jiyemurat baqqallar arasi’ndag’i’ sa’wbetlesiwden ali’ng’an. İyshan bul joldan Jiyemuratti’ qaytari’w ushi’n danali’q so’zleri menen qanshelli uri’nbasi’n, ba’ribir baqqal aytqani’nan qaytpaydi’.

[1] Нызанов М. «Өмирдиң үш пасылы» кино-сценарий, «Қарақалпақфильм» репертуар фонды. 16-бет.

Stsenariydin’ usi’ kartinasi’ndag’i’ qi’sqa dialog arqali’ qah’armanlardi’n’ bir-birine qarama-qarsi’ xarakterleri ju’zege shi’g’adi’.

M.Ni’zanovti’n’ «Tank», «Uri’», «Qon’si’lar» h’a’m «Kurort» kino-stsenariyleri komediya janri’nda do’retilgeni ushi’n da personajlardi’n’ dialoglari’ jen’il yumorli’q til menen beriledi. Biraq, ayi’ri’m wori’nlarda qah’armanlardi’n’ tilinde turmi’s g’almag’allari’na baylani’sli’ wo’mirge degen teren’ filosofiyali’q mazmundag’i’ sezimleri de ma’nili dialoglar arqali’ beriledi.

Muh’abbat temasi’ ko’rkem a’debiyatta ma’n’gilik tema yesaplanadi’. M.Ni’zanovti’n’ «Margiya» filmi stsenariyi de muh’abbat temasi’nda boli’p, wonda qaraqalpaq qi’zi’ Gu’ljamal h’a’m Tashkentli jigit a’liysherdin’ bir-birine bolg’an muh’abbati’ so’z yetiledi. Wolardi’n’ turmi’s quri’wi’na qarsi’ bolg’an ata-analari’ jaslardi’ bul joldan qaytari’wg’a qanshelli h’a’reket yetpesin, wolar wo’z maqsetine jetiwge yerisedi. Film stsenariyinde personajlardi’n’ xarakterin jarati’wda teren’ ma’nige iye dialoglardan na’tiyjeli paydalang’anli’g’i’, avtordi’n’ kino wo’neri tarawi’ndag’i’ na’wbettegi tabi’slari’nan biri boldi’.

M.Ni’zanov kino-scenariylerinde qollani’lg’an remarkalar da waqi’yalardi’ tu’sinikli bayan yetiwde, wolardi’n’ bir-birine u’ylesimli ta’rizde izbe-izlikte beriliwine sezilerli ta’sir ko’rsetkenligin de ayti’p wo’tiw wori’nli’. Sebebi biz joqari’da so’z yetkenimizdey qah’armanlar xarakterin jarati’wda remarkalar da a’h’miyetli wori’n tutadi’.

«Qon’si’lar» komediyasi’ni’n’ baslamasi’nda berilgen remarka arqali’-aq tamashago’ylerde qah’armanlardi’n’ wo’zine say xarakterleri h’aqqi’nda da’slepki tu’sinikler payda boladi’. Ma’selen, «Qon’si’lar» komediyasi’ni’n’

baslamasi'nda berilgen remarka arqali'-aq tamashago'ylerde qah'armanlardi'n' wo'zine say xarakterleri h'aqqi'nda da'slepki tu'sinikler payda boladi'. Ma'selen, "Xansuli'w yeki miywe ag'ashi'ni'n' wortasi'na tarti'p baylang'an aq jipke kir jayi'p ju'r. Waqti'-waqti' qon'si'ni'n' sharbag'i'na jaman ko'zi menen qarap qoyadi'. Qudaynazar sharbaqtag'i' ustaxanasi'na shi'g'i'p, qon'si' betke tez-tez si'n ko'z benen qaraydi'. Ustaxanada tayar ramalar, yendi qurasti'ri'li'wi' kerek bo'lekler, kesilgen ag'ashlar jati'r. Qudaynazar wolardi'n' ha'r qaysi'si'n bir uslap, qaysi' jumi'sti' islerin bilmey, tu'rtkishlep ju'r. ha'zir woni'n' belgili bir maqseti joq.

… "Qon'si' u'ydin' ha'wlisi wortadag'i' tor setkinin' arasi'nan da, u'stinen de ani'q ko'rinip tur.

Sharbaqtin' to'rinde, Qudaynazardi'n' ati'zi' betki shette tu'ye baylawli' tur. Botasi' qasi'nda. Qon'si' hayal Bag'i'da tu'ye sawi'p ati'r. U'y iyesi Allanazar, Ja'miyla balasi' Sharapat yele de u'y da'skelerin jayg'asti'ri'w menen a'were.

Qudaynazardi'n' arnayi' tu'rde «u'he» dep jo'telgenin yesitken Allanazar qon'si betke qaraydi.»…[1]

Ko'rip turg'ani'mi'zday filmnin' bas qaharmani' Qudaynazardi'n' minez-qulqi'ndag'i' ayri'm xarakterli belgiler usi remarka arqali' ko'zge tu'sedi. Solay yetip, M.Ni'zanov wo'z kinoscenariylerinde ja'miyetlik turmi'stag'i' ayri'm insanlardi'n' is-ha'reketlerin, sol dawirdin' barli'q dramatizmin wo'z boyi'na ja'mlegen qaharmanlardi'n' xarakterin ashi'p beredi. Avtor dialog, monolog ha'm remarkalar arqali' qaharmanlardi'n'

---

[1] Нызанов М. «Қоңсылар», «Қарақалпақфильм» репертуар фонды, 2-бет.

xarakterin ayqi’nlasti’ri’w menen birge konflikttin’ shiyelenisiwine ha’m woni’n’ zaman talabi’na say sheshiliwine yerisiledi.

# Juwmaq

XX a’sirde qaraqalpaq a’debiyati’ janrli’q ha’m stillik ko’z-qarastan qarag’anda u’lken tabi’slardi’ qolg’a kirgizdi. Buri’n bolmag’an proza ha’m dramaturgiya janrlari’ payda boldi’. Na’tiyjede milliy a’debiyati’mi’zdi’n’ turmi’s shi’nli’g’i’n su’wretlew mu’mkinshiligi ken’eydi. Biz izertlew obekti yetip alg’an milliy qaraqalpaq dramaturgiyasi’ da ha’r qi’yli’ janrli’q ha’m stillik rawajlani’wdi’ bastan keshirdi. Woni’n’ qurami’nda tragediya, komediya, tragi-komediya drama janrlari’ wo’z aldi’na qa’liplesken forma si’pati’nda turmi’s shi’nli’g’in su’wretlewge xi’zmet yeti. Milliy qaraqalpaq dramaturgiyasi’ni’n’ rawajlani’wi’nda basqa da janrli’q formalar menen birge komediya janri’ni’n’ salmaqli’ u’lesi boldi’. Ja’miyettin’ rawajlani’wi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qli’ waqi’yalardi’ su’wretlewde unamsi’z illetlerdi-moralli’q azg’i’nli’qti’, nahaqli’qti’, jag’i’mpazli’qti’, hiylekerlikti, tek wo’z ma’pin woylawshi’lardi’n’ iplas qi’li’qlari’n ashi’p beriwde komediya janri’ni’n’ mu’mkinshilikleri ju’da’ ken’ boldi’.

Bunnan dramaturglerimiz sheber paydalandi’. Sonli’qtan da a’debiyati’mi’zdi’n’ da’slepki da’wirlerinde komediya janri’ni’n’ mu’mkinshiliklerinen A’.O’tepov, S.Xojaniyazov keyin ala J.Aymurzaev, P.Tilegenov, I.Yusupov, D.Aytmuratov, T.Seytjanov, K.Raxmanov, M.Ni’zanov ha’m t.b. wo’nimli tu’rde paydalandi’.

Biz wo’zimizdin’ pitkeriw qa’niygelik jumi’si’mi’zdag’i’ ati’ atalg’an kino-tsenariylerde konflikt ha’m xarakterdin’ beriliw wo’zinsheligin so’z yettik ha’m to’mendegidey juwmaqlarg’a keldik.

M.Nizanov kino-scenariylerinin’ payda boli’wi’ni’n’ ha’m milliy dramaturgiya tariyxi’nda worni’n ali’niwi’nin’ obektiv ha’m subektib sebepleri bar.

Birinshiden, ko’p ji’lli’q ka’liplesiw da’wirin bastan keshirgen qaraqalpaq milliy dramaturgiyasi’nda son’g’i’ ji’llardi’, a’sirese g’aressizlik ji’llari’nda kino wo’nerinin’ payda boli’wi’na, woni’n’ xalqi’mi’zdi’n’ ruwqi’y-ma’deniy turmi’si’nda wo’z aldi’na iskusstvo tarawi’ boli’p do’rewine tiykarg’i’ sebep boldi’. Yekinshiden, da’slep ko’rkem prozada, keyin ala teatr dramaturgiyasi’nda qa’lemi i’si’lg’an talantli’ jazi’wshi’ M.Ni’zanov milliy xalqi’mi’zg’a yendi qi’zi’qli’ kinofilmleri menen ruwqi’y azi’q bere ali’w ta’jiriybesin de toplag’an yedi.

M.Nizanovti’n’ kino-scenariylerinin’ do’reliw tariyxi’nda woni’n’ teatr saxnasi’nda u’lken tabi’s penen qoyi’lg’an bir qansha dramali’q shi’g’armalari’ belgili wori’ndi’ iyeleydi. Sebebi, wol do’retpeler bir-birine ju’da’ jaqi’n, ideyalari’ ha’m obrazlari’ dunyasi’ arasi’nda ha’m uli’wmali’li’qlar bar. Sonli’qtan da biz pitkeriw qa’niygelik jumi’si’mi’zdi’n’ «M.Ni’zanov do’retiwshiliginin’ qaraqalpaq dramaturgiyasi’nda tutqan worni’» dep atalg’an birinshi babi’nda joqari’dag’i’ ma’selelerge arnawli’ tu’rde toqtadi’q.

Ko’rkem do’retpenin’ ideyasi’ni’n’ jari’qqa shi’g’iwi’nda woni’n’ konflikti ha’m qaharmanlardi’n’ xarakterlerinin’ ashi’li’wi’ basli’ wori’ndi’ iyeleydi. Sonli’qtan da, biz jumi’si’mi’zdi’n’ «M.Ni’zanov kino-scenariylerindegi konflikttin’ ta’biyati’, wog’an tiykar bolg’an ma’miyetlik waqi’yalar haqqi’nda wo’z pikirimizdi wortag’a tasladi’q.» Jumista belgilep wo’tilgenindey, M.Ni’zanov kino-stsenariylerinde konflikt ha’r qi’yli’ jollar

menen jasaladi’. Konflikt jeke shaxs penen belgili bir topar, sonday-aq, a’debiy qaharmanlardi’n’ psixologiyasi’ndag’i’ ha’r qi’yli’ woylar ha’m pikrler wortasi’nda boli’p wo’tedi. Bul na’rseni biz kino-stsenariylerdegi a’debiy qaharmanlar wortasi’ndag’i’, wolardi’n’ woy-sezimlerindedegi qarama-qarsi’li’qlardan ani’q ko’re alami’z. Bug’an qosi’msha, biz wo’zimizdin’ jumi’si’mi’zda kino-stsenariyler konfliktindegi kolliziya, intriga usag’an usi’llardi’n’ u’lken a’kimiyetke iye yekenligin da’lillewge ti’ri’sti’q. Sebebi kolliziya menen intriga kino-scenariyler qaharmanlari’ni’n’ xaraktelerine ta’n bolg’an jag’i’mpazli’q, hiylekerlik, qi’zg’anshaqli’q, maqtanshaqli’q qusag’an illetlerdi su’wretlewge salmaqli’ wori’ndi’ iyeleydi.

Pitkeriw qa’niygelik jumi’si’mi’zdin’ «Qaharman xarakterin jasawda dialog ha’m monologlardi’n’ tutqan worni’» dep atalg’an babi’nda kino-stsenariylerde qaharman xarakterin ashi’wdi’n’ wo’zinsheligine toqtadi’q. Jumi’sta ayti’p wo’tilgenindey, shi’g’armalarda qaharman xarakterin ashi’wda ko’rkem psixologiyali’q su’wretlewler, a’sirese, monolog u’lken a’kimiyetke iye. Bul su’wretlew usi’li’ so’z yetilgen da’wirlerdin’ hasi’l ma’nisin wo’zinde ja’mlegen, qaharmanlardi’n’ xarakterlerin ashi’wda salmaqli’ wori’ndi’ iyeleydi. Bunnan basqa kino-scenariylerdin’ ko’rkem quri’li’si’nda dialog ha’m remarkalardi’n’ tutqan worni’ da wog’ada a’kimiyetke iye. Sebebi, bul ko’rkem elementler qaharmanlar arasi’ndag’i’ qatnasti’, wolardi’n’ tutqan poziytsiyalari’n, su’wretlengen waqiyalarg’a degen avtordi’n’ mu’na’sibetin su’wretlew maqsetinde avtor ta’repinen ju’da’ sheber islengen. Bul na’rse jumi’sta kino-scenariylerdin’ ko’rkem tekstin tallaw joli’ menen da’lillenip beriledi.

Juwmaqlap aytqanda, belgili dramaturg, jazi'wshi' M.Ni'zanov kino-scenariyleri milliyligimizdi, wo'zligimizdi an'lati'wda, xalqi'mi'z turmisin su'wretlewde milliy ko'rkem wo'nerimizdegi salmaqli' wori'ng'a iye do'retpeler. Bul do'retpelerdi yele de teren'irek izzertlew-keleshektin' isi.

# I aeaaeaiue2ai 1aaaeyoea?`

q. Ea?ei ia E.A. E inii aaoo o?oi oo2eeaae. Oio eaio, w00q~

w. Ea?ei ia E.A. Wcaaeenoii ao?e eaea?ae na?e. Oio eaio, w00q~

e. Aeuiaaoia ?. ?a?a3aeia3 niaao a?aiaoo?aeynu oa?eeouiu4 i?a?eea?e. I 5een, «?a?a3aeia3noai», qoye~

r. Aeeaiaca?ia O. Oaao? 81i a?aiaoo?aey. I 5een «?a?a3aeia3noai», qoiw~

t. Aeeaiaca?ia O. I aeioi?ua aii?inu enoi?ee ea?aeaeiaeneie niaaoneie a?aiaoo?aee. I oeon, «?a?a3aeia3noai», qoiu~

y. Aoiaoia N. ?a?a3aeia3 1aaaee nuiu. I 5een, «Aeeei», qooe~

u. Aoiaoia N. ?a?a3aeia3 niaao 1aaaeyou oa?eeouiu4 i?a?eea?e. I 5een, «?a?a3aeia3noai», qoyq~

i. Aoiaoia N., Anaiia ?., ?1?eiaaoia ?. !aaaeyooaiu7 aoaiaea?uiu4 i?uno a-3a?a3aeia3oa o6neiae?ia n5ceeae. I 5een, «Aeeei», qoor~

o. Aoiaoia N., Noeoaiia E. !aaaeyooaiu7 (o?anoiiaoey). I 5een, «Aeeei», qoor~

q0. Aoiaoia N. ?a?a3aeia3noai ?anioaeeeanuiu4 1aaaeyoo u aeuiea?u 81i nuiouea?u. I 5een, «Aeeei», qooe~

qq. Aiaiaa O. Aaaaeaoooiineeeea ee?eo. Oio eaio, «?3eooa?e», qou0~

qw.Aiaiaa O. Aaaaeaoo oi ineee aninea?e. Oio eaio, «?caaeenoii», w00q~

qe. Anaiia ?. N5c 31ae?e. I 5een, «?a?a3aeia3noai», qoio~

qr.Anaiia ?. O aaa?eeeoe4 nu ?ea?u. I 5een, «?a?a3aeia3noai», qoiy~

qt. M.N?zanov kino-stsenariyleri «Qaraqalpaqfilm» ka'rxanas? repertuar fond?.

qy. G'oeiiia A. E?iaaa caiii ?ooe. Oio eaio, «OAI», qoyu~

qu. Ooaaeaa?aeaa Y. Aaaaeaoo oiineeeea ee?eo. Oio eaio, «?3eooa?e», qoot~

qi. Oioaiia I.O., Na?eini3ia A.E. Aaaaeaoo oiineee oa?ieiea?ieia ?on?a-7caae?a eci8ee eo2aoe. Oio eaio, «?3eooa?e», qoie~

qo. Eccao Noeoii. Aaaaeao iaca?eyne. Oio eaio, «?3eooa?e», qoi0~

w0. Eiiiia A. O?aaaaey aa oa?aeoa?. Oio eaio, '?3eooa?e', qouu~

wq. Eiiiia A. *aao aa a?aiaoee eiioeeeo. Oio eaio, «?3eooa?e», qoyi~

ww. ?aeeeia A. ?caae a?aiaoo?aeyne iiyoeeane ianaeaea?e. Oio eaio, «OAI», qoir~

we. Ea?iia A. ?ao ye aaaaeaoe oa?eoe. w-iao ?. Oio eaio, qouo~

wr. Eaaaieia C. N5c 5ia?e. Aeia-aoa, «I aeoai», qoiw~

wt. ? a?a3aeia3 niaao 1aaaeyou . I 5een, «? a?a3aeia3noai», qoir~

wy. ? a?a3aeia3 niaao 1aaaeyou . I 5een, «? a?a3aeia3noai», qouo~

wu. I 1iaaoia E. !aaaeyo oai?eynu . I 5een, «Aeeei», qoot~

wi. I e?caaa N., Aiiey?ia O. ?caae niaao aaaaeaoe. Oio eaio, «?3eooa?e», qoui~

wo. I an?oeeaaa !., ? .Aeio?caaa a?aiaoo?aeynu . I 5een, «? a?a3aeia3noai», qouu~

e0. I an?oeeaaaa C. I ?iaeaia oeia e oa?aeoa?a a nia?aiaiiie ea?aeaeiaeneie i?ica. I oeon, «? a?a3aeia3noai», qoir~

eq. I ao?aoaeiia ? . Aaai, ?1ieeao, naoe?a. I 5een, «? a?a3aeia3noai», qoor~

ew. I ao?aoaeiia ? . Naoe?a-1ne?ea? nu ?eanu . I iiia?ao ey. I 5een, «Aeeei», qoio~

ee. ?iooa?aaineee Y. A3ia3eu 3ou ia3oa7 (i?ica). Aeoio?aoia A. A3ia3eu 3 a6iuynuiaa (iuana). I 5een, «? a?a3aeia3noai», qoo0~

er. Noeoaiia E. ? acu 7o u -a?aiaoo?a. I 5een, «? a?a3aeia3noai», qoir~

et. Niae?ia O. Aaa? aa a?aia. Oio eaio, «OAI », qout~

ey. Niae?ia O. ?caae niaao a?aiaoo?aeyne. Oio eaio, «OAI », qoue~

eu. O ai o?aoiaa C. ? a?a3aeia3 1aaaee nu iu. I 5een, «Aeee i », qoow.

**E a i a e a a o e u 3 a e n n a ? o a o e y e a ?`**

ei. I ?u iaaoiaa I . *1ce ?ae 3a?a3aeia3 ?i i aiu iaa oa?aeoa?ea? i 1naeane. (qoi0-?u eea?). I 5een, w000~

eo. Aaaoeeaaa I . * ice ?ae 7caae a?ai aoo?aeyneaa e i i o eeeo aa oa?aeoa?. (qoty-yy). Oio eai o, w000~